

Sawaratajma

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

Edisi 21 JANUARI-APRIL 2022

Festival Tunas Bahasa Ibu:

Upaya Kanggo Njaga Lestarine Basa Jawa

■ KAWRUH SASTRA
Satleraman Sastra Suluk

■ CERKAK UTAMA
Sawitri



KABABAR
DENING
BALAI BAHASA
PROVINSI
JAWA TENGAH

[[တၢ်မၤအံၤပၤတီၢ်မၤတီၢ်]]

Angin Silem ing Warih

Unen-unen iki yen kategesi kanthi lugas yaiku minangka tumindak colong jupuk kang ditindakake kanthi banget wasis. Satemah pakartine sing durjana iku angel diweruhi dening wong liya. Angel dikonangi, awit saking remit lan kapetung permati. Pindhane angin sing sumilem ing banyu, banget alus tan rinasa.

Tumindak colong jupuk kaprah diarani maling utawa durjana. Laras klawan lakuning wektu sarta jaman, saiki pancen luwih canggih lan wasis. Wis adoh saka jarwa dhosok yen maling tinegesake “ngemal barange wong sing ora eling”. Iku jumbuh klawan sing kelakon duk semana, maling katindakake ing wanci bengi nalika wis sirep wong. Kudu mbabah tembok. Kanthi entuk-entukane sing ora sepira ajine.

Nanging ing jaman saiki, maling utawa tindak durjana bisa katindakake ing wanci apa wae. Ora kudu mbabah tembok lan entuk-entukane ya tikel tekuk. Maling ing jaman saiki bisa katindakake ing kantor, lumantar *android*, kanthi cara-cara sing wasis. Katon gampang sarta oleh-olehan ya mayuta-yuta. Kang luwih nggegirisi maneh, apa tindak kadurjanane ora gampang sinenggol dening ukum.

Nadyan ta mangkono sawasis-wasis maling utawa tindak colong jupuk iku tetep pakarti kang culika. Arane pakarti culika iku, tetep wae kanthi pintera sing kaya ngapa suwening suwe ya bakal kadenangan. Kabeh amung nunggu wektu winanci. Mula pilih makarti sing sabener samesthine, ora perlu ngengon pakarti sing dudu. **(yan)**





Narima ing Pandum

Dening: Yan Tohari

Narima ing pandum, tembung kang kaprah lan kulina keprungu ing kuping. Nanging satemene kepriye sing dikarepake? Kaya ngapa cak-cakane bab unen-unen sing kojahe bisa gawe uripe manungsa luwih tumuju ing tentrem sarta ora gampang stress iku?

Narima ing pandum, manawa katlesih yen sikep iki mapan mring telung bab laku utama sing nuduhake kaunggulan ing kapribaden. Dene telung bab utama iku, yaiku sikep panarima, sikep teguh, lan sikep sabar. Tetelu kaluwihan iku sing karacik temah maujud ing unen-unen sing banget populer ing madyaning bebrayan Jawa kayadene sing wis kasebut ing ngarep, yaiku narima ing pandum.

Kapisan, sikep narima. Sikep iki kang kawijil yaiku sarwa trima, gelem, lan rila jroning embuh wae apa rupa wernaning panguripan. Ing kono anane lelakon sarwa katampa klawan panrima. Dudu wegah, dudu selak, sarta datan ana sesambat lan ngundamana. Jalaran tuwuh anane panglenggana yen ora kabeh ing panguripan iki sarwa kepeneran klawan kang dadi karep lan pepenginane. Upamane, mulane njaluk padhang kepara sing dumadi malah pepeteng. Kita minta waras, e jebul sing ana malah lelara. Mangkono sapitute.

Temen datan ana kang kuwasa marang sing dumadi ing urip iki. Padhang apa peteng, lara apa dene waras, sakabehe muhung Gusti Kang Maha Kuwasa. Mula sikep nrima ing kene tansah gelem lan rila embuh apa kanyatan ing urip. Ireng apa putih, legi apa pait, seneng apa susah. Kabeh sarwa katrima klawan karilan

kang sawutuhe.

Jalaran upama ta ora nrima, sayekti iku ya tanpa piguna. Awit manungsa mono minangka titah sawantah sing datan kuwasa apa-apa kalamun sawijine pesthi wis dumadi. Saumpama datan nrima, iku amung nambah tatu lan bobote sesanggan. Mula, wekasan kang prayoga, sarwa nampa lan nrima werna-wernaning lelakon iku mau. Sarwa katrima kanthi rila lan legawa.

Kapindho, kateguhan. Teguh mono sawijine sikep kang kuwawa ngendhaleni dhiri nalika sawijine lelakon tumempuh. Kabeh katampa klawan kateguhan ing rasa kang samadya. Umpama ta lagi nampa bab sing sarwa gawe seneng lan marem, sakabehe uga kaadhepi kanthi samadya. Daton ucul saka pamomonge rasa. Dudu seneng, seneng kang tanpa wates, kosok baline katanduki klawan rasa syukur.

Semono uga samangsane nampa bab sing datan nyenengake, uga ora kebangeten ngaru-ara. Bener, jejere manungsa bisa wae sedhih, susah, nesu, marem, seneng, lan liya-liyane. Nanging rasa mau sarwa kawadhahan kanthi rasa teguh, dadi kabeh kareka kanthi rasa sing tetep nurut ing ukuran samadya. Sedhih, pancen yen lagi nampa bab sing ora nyenengake. Nanging sedhih mau datan kebanjur. Awit kasadhari jer mangkono jejere urip. Kabeh kudu setya lan teguh kalakoni. Dudu nyalahake kahanan, dudu nyalahake liyan, nanging gumelare kahanan minangka lelantaran ngundhakake kekuwatan jiwa sarta kautamaning budi.

Nuli sing kaping telu, rasa kesabaran. Prasasat ing apa wae kahanan urip sarwa merlokake apa sing kinaran kekuwatan kesabaran. Sugih, mlarat, pangkat dhuwur, pangkat asor, waras, apa dene lara-lara. Kabeh-kabeh merlokake jiwa sabar. Ora mung winates iku, akeh liyane sing merlokake kesabaran. Embuh ing madyaning kulawarga apa dene ing tengahe masarakat. Ing njeron omah apa dene ing njaban omah. Kesabaran bakal kadarbeni marang pribadi sing ngandelake sikep nrima ing pandum.

Kajaba sabar, sikep iki uga bisa dadi underane rasa gampang nyukuri marang sakalire nugraha kang tinampa. Mula kanthi mangkono sikep nrima ing pandum iki dadi ancas sing datan ana enteke apa dene wewatesane tumrap bebrayan Jawa. Pitutur iki asring kababar dening para sepuh nalika paring pitutur klawan para mudha. Awit kekuwatan nrima ing pandum dadi tenger kadewasan, kaelokan lan pinunjule saweneh pribadi. Muga kita kabeh bisa sinau, gegladhi lan nggayuh anane sikep nrima ing pandum. Sikep kang lair saka pangudi ing lair sarta ing batin. Wiwit biyen, saiki, lan ing samengkone. Ngono.

Daftar Isi lan Susunan Redaksi

PITUTUR LUHUR Angin Silem ing Warih	2
BLENCONG Narima ing Pandum	3
TERAS Festival Tunas Bahasa Ibu: Upaya Kanggo Njaga Lestarine Basa Jawa	5
KAWRUH SASTRA Satleraman Sastra Suluk	8
TEGALAN Puisi Têgalérin Dadi Gêrakan kanggo Mèrtahana Sastra Têgalan	10
CERKAK UTAMA Sawitri	13
GLADHI SASTRA Sugeng Tindak, Pak RW	16
ONCEK-ONCEK Ngemonah Crita Supaya Laras lan Nges	19
SWARA SISWA Wayah Esuk, Udan Esuk Iki, Udan Grimis, Kahanan Desaku	21
CRITA RAKYAT Dewi Ruyung Wulan	23
WACAN BOCAH Tumusing Penlangsan	26
GURIT Cathetan Esuk Iki, Grimis Wayah Esuk, Langite Katon Surem,	28
MACAPAT Raden Setyaki	31
JAJAH Nlusur Wibawane Studio Rekam Lokananta ing Surakarta	32
KABUDAYAN Kundha Kabudayan DIY Nggelar Workshop Kethoprak	35
BUDI PEKERTI Tembung Kramane Menehi	37
KOMIK Supatane Begawan Sukra 29—30	38

SWARATAMA

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

Susunan Redaksi

Penanggung Jawab	: Dr. Ganjar Harimansyah
Pemimpin Utama	: Sunarti, M.Hum.
Pemimpin Redaksi	: Umi Farida, S.S.
Sekretaris Redaksi	: Poetri Mardiana Sasti, S.S.

Redaktur Pelaksana:

1. Widiyartono
2. Trimman Laksana
3. Yan Tohari
4. Bambang Sulanjari, M.A.
5. Kustri Sumiyardana, M.Hum.
6. Jefrianto, S.Pd.

Redaktur:

1. Getmi Arum Puspitasari, S.Pd.
2. Vintia Anggraini, S.S.
3. Dian Respati Pranawengtyas, S.S., M.Pd.
4. Citra Aniendita Sari, M.Hum.

Reporter:

1. Afritta Dwi Martyawati, M.Hum.
2. Akhid Anshori Setiawan, A.Md.

Desain Grafis

lan Tata Letak : Aziz Nugroho

Keuangan

: Sri Ernawati, S.E.

Sekretariat & Sirkulasi :

1. Ramadhanti Sukma Priyandini, S.E.
2. Bambang Surono

Alamat redaksi:

Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah,
Jalan Elang Raya I Mangunharjo,
Tembalang, Semarang 50272

Pos-el: majalah.swaratama@gmail.com

ISSN 2746-3389

Festival Tunas Bahasa Ibu

Upaya Kanggo Njaga Lestarine Basa Jawa

Dening: Tim Swaratama



Festival Tunas Bahasa Ibu dibuka dening Kepala Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Prof. Dr. E. Aminudin Aziz, M.A., Ph.D.

Ing 19–22 November 2021 wingi Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah nggelar Festival Tunas Bahasa Ibu. Kegiatan kuwi dileksanakake kanggo ngundhakake kaprigelane generasi mudha ing babagan basa lan sastra Jawa. Acara kuwi dianakake ing Hotel Lorin lan Lorin Syariah, Solo, Jawa Tengah. Mesthi wae acara kuwi uga salah sawijine upaya kanggo nglestarekake basa lan sastra Jawa.

Festival Tunas Bahasa Ibu dikepyakake kanggo siswa SD lan SMP kang minangka utusan saka saben kabupaten/kota kang ana ing Jawa Tengah. Ana pitung werna lomba ing acara kuwi. Kanggo tingkat SD ana telung werna, yaiku nulis gurit, maca gurit, lan ndongeng. Dene, lomba kanggo SMP ana patang werna, yaiku nulis gurit, sesorah, nulis aksara Jawa, lan maca aksara Jawa. Saben lomba ana kategori putra lan putri. Dadi, gunggungane ana patbelas lomba. Panyarta lomba yaiku utusan saka 35 kabupaten/kota sa-Jawa Tengah. Ana 490 siswa kang melu ing acara mau.

Festival Tunas Bahasa Ibu dibuka dening Kepala Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa. Acara kuwi uga dirawuhi Kepala Cabdindik Wilayah V, Rektor Universitas Veteran Bangun Nusantara, Pembantu Rektor I Universitas Peradaban, Kepala Dinas Pendidikan Kota Surakarta, Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Kebumen, Kepala Subbagian Tata Usaha Pusat Penguatan lan Pemberdayaan Bahasa.

Kepala Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa, Prof. Dr. E. Aminudin Aziz, M.A., Ph.D., ngendika miturut panalitene UNESCO, saben minggu ana basa kang mati. Saiki akeh basa dhaerah ing Indonesia kang saya sithik sing nuturake. Mula, basa dhaerah, kalebu basa Jawa, kudu terus dijaga murih tetep lestari. Miturut Prof. Aminudin, Festival Tunas Bahasa Ibu iki mung minangka gebyar lan puncak saka kegiatan revitalisasi kang ditindakake dening Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa. Sadurunge wis ana maneka acara kanggo nyengkuyung program revitalisasi mau.

Pancen, sadurunge program kuwi diwiwiti kanthi *penyusunan bahan ajar* dening para pakar basa Jawa ing Jawa Tengah. Sabanjure, para pakar ngandharake bahan mau marang guru master saka 35 kabupaten/kota ing Jawa Tengah. Para guru master kuwi minangka utusan kang dipilih saka dhaerahe dhewe-dhewe. Para guru mau banjur nyusun modhel *pembelajaran* kanggo diajarake marang guru-guru ing tlatahe dhewe-dhewe. Sawise kuwi dianakake *diseminasi* ing dhaerah.



Salah sijine panyarta lomba pidhato

Saliyane kuwi, ing dhaerah-dhaerah dianakake seleksi kanggo siswa kang bakal maju lomba ing Festival Tunas Bahasa Ibu. Dadi, para siswa kang maju ana ing lomba mau minangka siswa pinilih saka dhaerahe dhewe-dhewe.

Kang mangkono kuwi dijlentrehake dening Kepala Balai Provinsi Jawa Tengah, Dr. Ganjar Harimansyah nalikane maringi laporan. Miturut Ganjar, para guru diajab bisa nemokake sawijining *model pembelajaran* kang *out of the box*, beda karo kang biyasane.

Sabanjure, maneka lomba dianakake ing sajroning rong dina, yaiku 20 lan 21 November. Para siswa padha semangat lan seneng ngayahi lomba mau. Mangkono uga guru-guru kang kapatah ngampingi uga melu seneng.

Saben kontingen kapatah guru loro kanggo ngampingi panyarta. Siji minangka guru SD, dene sijine guru SMP. Ananging, pranyata akeh sekolah-sekolah kang ngirimake guru kanggo ngawat-awati siswane. Ora mung kuwi, uga akeh wong tuwa kang kapengin weruh anake anggone melu lomba. Dadi, acara FTBI kuwi kaya dene pista kanggo basa lan sastra Jawa. Apa maneh meh saben pawiyatan luhur ing Jawa Tengah kang duwe jurusan basa lan sastra Jawa uga diaturi wakile minangka juri. Contone, Drs. Suparjo, S.U. lan Dr. Djoko Sulaksono saka UNS, Dr. Prembayun Miji Lestari saka Unnes, Bambang Sulanjari, S.S., M.A. saka UPGRIS, Adi Deswijaya, S.S., M.Hum. saka Univet Bantara, lan Dr. Nanik Herawati saka Unwidha. Saliyane kuwi uga katon para sastrawan Jawa kang diaturi dadi juri kaya ta Triman Laksana (Magelang), Yan Tohari (Klaten), Irul S. Budianto (Boyolali),

Turiyo Ragilputra (Kebumen), Rini Tripuspohardini (Kabupaten Semarang), Diah Setyawati (Tegal), lan Bambang Wadono (Banyumas)

Salah sijining guru pengamping, Diah Kusumaning Bratangalun, S.S., M.Pd., kandha manawa kegiatan iki apik banget. Para guru ing dhaerah padha semangat kanthi anane acara iki. Guru-guru basa Jawa pancen padha ngenteni kegiatan kaya ngene.

“Manawa ing tlatah Kutha Magelang, sadurunge dikirim mrene, dianakake seleksi dhisik wiwit tingkat tingkat kecamatan. Amarga isih *pandemi*, seleksi dianakake kanthi *daring* lan *luring*. Siswa sing dikirim ing acara iki pancen sing pinilih,” kandhane Diah ing sela-selaning lomba.

Semangate para guru apa dene para siswa ing dhaerah uga dibenerake dening guru-guru liyane. Salah sijine guru, Ratih Sarwiyono, S.S., saka Kabupaten Semarang kandha yen para guru ngarep-arep acara kaya mangkene dianakake saben taun.

“Amarga wektune nyrepeg, taun iki ora kabeh seleksi diwujudake kanthi lomba. Ana kabupaten kang langsung nunjuk. Mula, yen taun ngarep isih ana FTBI, MGMP basa Jawa bakal nyiyapake adoh sadurunge. Dadi, bisa luwih apik,” ujare Ratih.

Kaya kang wis dikandhakake, saliyané guru-guru kang kajibah ngampingi para siswa, akeh uga guru kang melu mara ing papan lomba. Fajrin Dwi Artika, S.Pd., salah sijining guru SMP saka Grobogan, ngandhakake manawa para guru padha ngetutake muride melu lomba kanthi ragad pribadi. Fajrin dhewe melu ngawat-awati muride kang kapilih dadi panyarta lomba nulis geguritan.

Guru liyane ana Ani Kuswiyanti, S.S. kang kerayara saka Magelang kanggo ngeterake muride. Muride kepilih dadi wakil Kota Magelang melu lomba nulis aksara Jawa.

Para siswa kang maju ing lomba kuwi pancen pinilih. Kuwi mau dikandhakake dening Agus Indardi, S.Pd. kang kapatah dadi salah sijine juri ing lomba maca aksara Jawa. Aksara kang saiki wis arang sing bisa maca, pranyata ing lomba kuwi para panyarta akeh kang bisa maca kanthi lancar.

“Pancen isih ana sing grothal-grathul. Nanging, racake wis bisa maca kanthi lancar. Malah ana sing bisa maca lancar banget nganti intonasine pener lan pedhotane pas, kaya dene maca aksara Latin,” kandhane Agus kanthi eram.



Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah, Dr. Ganjar Harimansyah, nutup Festival Tunas Bahasa Ibu.

Bambang Sulanjari, S.S., M.A., kang uga dadi juri sarujuk karo sing dikandhakake Agus Indardi. Miturut Bambang, iki dadi sawijining pangarep-arep basa Jawa bakal tetep ngrembaka.

Acara Festival Tunas Bahasa Ibu ditutup tanggal 21 November bengi. Kegiatan kuwi ditutup dening Kepala Balai Provinsi Jawa Tengah, Dr. Ganjar Harimansyah. Ing acara iku uga rawuh Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Kebumen, Kepala Subbagian Tata Usaha Pusat Penguatan dan Pemberdayaan Bahasa, para juri, uga para panyarta, lan guru pengamping.

Ganjar ngandhakake yen kegiatan kaya mangkono iku bakal dianakake maneh taun ngarep. Mula, bisoa para guru lan dinas ing dhaerah bisa nyepakake luwih gasik. Liyane iku, para guru kang bakal dikirim ing pelatihan guru master bisa gilir gumanti. Kanthi mangkono, *diseminasi* bisa warata ditampa dening kabeh guru basa Jawa.

Ing acara penutupan kuwi uga diaturi wakiling guru pengamping kanggo menehi *kesan* lan *pesan*. Minangka wakil guru SMP yaiku Indro Ismanu, S.S. saka Wonosobo, dene wakil guru SD yaiku Gunarti saka Kebumen.

Indro Ismanu ngandharake manawa kegiatan kang dikepyakake dening Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah kuwi kanggone guru basa Jawa kaya dene menehi ngombe marang wong kang nemen anggone ngelak. Nganti seprene basa Jawa kaya-kaya

tansah disisihake. Nanging, kanthi acara iki guru-guru banjur gumregah semangat. Kabeh guru basa Jawa tumandang ing wewengkone dhewe-dhewe. Kabeh mau kanthi semangat murih lestarine basa Jawa.

“Kula ngraosaken piyambak, kados pundi gregetipun para kanca-kanca guru basa Jawa. Ing dhaerah-dhaerah sedaya sami sayuk saeka kapti nyengkuyung acara punika. Lomba kangge seleksi dipunwontenaken sanadyan kanthi urunan. Mila, para guru nyengkuyung manawi Festival Tunas Bahasa Ibu saged dipunwontenaken saben taun, kados pangandikanipun Pak Ganjar,” mangkono kandhane Indro ing sandhuwure panggung.

Kaya dene ing SMP, guru lan siswa SD uga semangat melu FTBI. Mangkono kang diandharake Gunarti, salah sawijining guru pengamping SD.

“Nanging, kula suwun kangge taun ngajeng guru pengamping, mliginipun kangge SD, ampun namung setunggal. Amargi lare SD punika taksih alit, dados pengampingipun repot sanget. Punapa malih papan kangge lomba lokasinipun mencar-mencar,” kandhane Gunarti.

Sawise wakil guru ngandharake panguneg-unege, acara sabanjure, yaiku pengumuman lomba. Ing pengumuman mau, kontingen saka Kabupaten Wonosobo kasil entuk juwara paling akeh. Kanthi mangkono Kabupaten Wonosobo dinobatake minangka juwara umum.

Satleraman Sastra Suluk

Dening: Urip Triyono

Salah sawijine *genre* kasusastran Jawa yaiku sastra Suluk. Sastra iki wose ngandharake lelampahan kang kudu dilakoni dening para pendherek suluk (*salik*), supaya kabeh tumindak bisa lempeng lan ora neka-neka anggone golek ridane Gusti Allah. Sastra suluk nyumul barengan karo ngadege karaton Islam di Nuswantara, utamane ing tanah Jawa antarane abad XV–XVI. Mula ora gumun, yen isine sastra suluk uga njlentrehake tataning rohani wong Jawa kang nganut agama Islam sing ngrembaka nalika iku.

Ajaran

Tembung *suluk* ing tulisan iki diwatesi marang suluk kang nuduhake kasusastran kang isine ajaran tasawuf, yaiku laku lampah kanggo nyedhaki Zat kang Mahasuci, dudu suluk kang tegese metrum kanggo ngiringi gendhing wayang kang dicaturake para dhalang. Ajaran suluk uga diarani kawruh kanggo meruhi kepriye carane mbeningake akhlak, mbangun tata lahir lan batin kanggo golek keslametan kang sejati ing dunya tekan akherat.

Istilah *suluk* asale saka basa Arab *salaka-yasluku-sulukan* kang tegese ‘ngliwati dalan’. Tembung *suluk* uga nduweni teges ‘dalan marang kasampurnan batin’. Miturut terminologi, tembung *suluk* tegese lelampahan rohani mituju marang Gusti. Ajaran kang ana sajeroné sastra suluk iku umume ngenani laku kanggo marek marang Gusti Allah kang urut nganggo cara ajaran kang paten, kaya ta *syariat*, *tarekat*, *hakekat*, *ma’rifat*, lan *mahabbah*.

Saben ajaran nduweni tingkatan utawa posisi, ritus, lan tujuan kang kudu dilakoni para salik kang diarani *maqom*, yaiku terminal-terminal sajeroné nglakoni ajaran suluk. Ajaran suluk kudu diliwati kanthi urut lan ora bisa mlumpat-mlumpat utawa jlang-jlong, kudu entres kaya dene ngadegake omah, diwiwiti saka pondhasi, saka, tembok, tembe gendeng. Menawa dilakoni kanthi jlang-jlong bisa ndadekake pendherek suluk owah tata pikir lan laire, bisa nggawe wong owah utawa dadi edan. Mula, ora gumun yen ana pawongan kang nyinaoni bab metafisika dadi owah pikirane



amarga ora kuwat nandhang tabrakan antarane ajaran lan kasunyatan. Kudu ana guru kang mbimbing salik anggone nglakoni ajaran suluk supaya ora kedlangsuksdlangsuks.

Tataran ajaran suluk iku sepisan, maqom *syari’at*. Iku tataran kang paling endhek. Ing tahap iki para pendherek ajaran suluk (*salik*) padha manut marang paugeran, yaiku syariat Islam kang wis dadi keyakinanane. Tata susila lan tata jalma digatekake kanthi temen. Manungsa kudu nurut marang ukum-ukum kang diprentahake dening Gusti Allah lan rasule, ora oleh tumindak sakarepe dhewe, ora oleh ngetutake hawa nafsu kang ngglibet awake. Nalika para salik manut lan ngugemi paugeran, wasana bakal ndadekake awake apa dene alam semesta (*mikrokosmos-makrokosmos*) ayem lan tentrem. Ora ana kang bakal ndadekake kisruh.

Kapindho, maqom *hakekat*, yaiku maqom para salik mangerteni apa sejatine kang maujud utawa kang

dumadi. Ing kene ana kawruh kang ngrembug sejatine samubarang kang maujud utawa tan maujud. Ing tataran iki pawongan ora mung ndeleng mobah-mosike kahanan lair lan batin nganggo mata koyor (*dhahir*), nanging wis nglibatake olah rasa dan kewaskithan. Apa sejatine kang ana ing sawalike barang utawa samubarang mau. Ora ana kang ndadekna samubarang yen ora ana “Zat” kang mrentahake tekane utawa maujud samubarang. Ana ing kawruh modheren biyasa diarani konsep *ontologi*, yaiku kawruh kang mbabar asal-usul, kahanan, lan ancasa lelakon ing alam donya utawa kang diarani *sangkan paraning dumadi*.

Katelu, maqom *ma’rifat*. Tataran ini ngandharake kawiyake hijab atarane salik karo Gustine, kanthi kawruh kang sampurna. Kawruh mau kang ndadekake antarane makhluk lan kholik bisa manunggal ing karsa. Tegese, kekarepane dhiru pribadi lan Gustine nyawiji, amor, amarga wis diparingi kawruh kang bisa nuntun marang kabecikan (*hidayah*). Kawiyake kawruh kang sejati ndadekna para salik rumangsa yen dheweke lagi diawasi lan tansah dielingake anggane nindakake samubarang. Kawruhe marang kabeh kadaden ing alam donya iki ndadekna dheweke njukut jarak marang sakabehe samubarang lan ceciptane Gusti, ora gelem kerante marang godha-rubeda donya.

Kapapat, maqom *mahabbah*. Tembung *mahabbah* tegese ‘tresna, kayungyun’ marang tumindak becik jalaran kepingin kaparek lan pikantuk welas asihe Gusti Allah. Kabeh tumindak didhasarake marang rasa tresna, welas, lan asih marang sakabehe umat lan uga alam donya saisine. Mula, sakabehe tumindak para salik uga kebak marang sifat kagusten, ora bakal nerak angger-angger lan trapsila, uga tansah mituhu marang sakabehe prentahe Pangeran. Tataran *mahabbah* iki bisa dianalogekake kaya wong kang nandhang tresna kang jero, tansah kelingan, kayungyun, lan pengin tansah perek karo pasangan kang ditresnani. Katresnan kang nyisihake samubarang lan mung mandeng Zat kang Tunggal, yaiku Gusti Allah.

Sastra Suluk

Ajaran suluk uga sumrambah ing kasusastran. Kitab sastra suluk kang kawentar lan dianggep paling tuwa yaiku *Suluk Wujil* lan *Suluk Sukarsa*. *Suluk Wujil* kaanggit dening Sunan Bonang, salah sawijine wali ing tanah Jawa kang konsen marang tradhisi tulis. Suluk ini katulis kanthi wujud sekar (tembang), basane Jawa Tengahan. Dene *Suluk Sukarsa* durung bisa

dipesthekake sapa kang nganggit, utawa isih anonim. Sastra suluk tuwuh sajrone ngadege karaton Islam ing tanah Jawa antarane abad XV—XVI Masehi. Miturut para winasis, ana udakara 104 judhul karya sastra suluk kang ana ing saindenge nuswantara iki. Sastra suluk mau akeh-akehe durung diteliti lan durung kawiyak asal-usule. Karya-karya kuwi kasimpen ing kraton-kraton, perpustakaan-perpustakaan, lan uga koleksi pribadi para pandhemen sastra.

Miturut Pigeaud, adedhasar sujarane sastra suluk kaperang dadi loro, yaiku sastra suluk Pesantrenan lan sastra suluk Islam Kejawen. Sastra suluk Pesantrenan biyasane diwedharake nganggo basa Jawa utawa basa Arab, umume ngemot paham *transendensi* miturut tata aturan Qur’an lan Hadis. Wujude sastra suluk diandharake nganggo tembang lan isine nggunakake simbol-simbol *esoterik* kang mujudake jumbuhing antarane makhluk lan khalik. Akehe sastra suluk isine ngemot faham *pantheisme* (Gusti ngejawantah marang sakabehe mahluk), utawa *monisme* (kabeh dadi wujud Gusti).

Karya sastra Suluk kang corake Islam Pesisiran kaya ta *Suluk Wujil*, *Suluk Khalifah*, *Suluk Kaderasan* anggitane Sunan Bonang (Demak), *Suluk Malangsumirang* anggitane Sunan Panggung (Demak), *Suluk Sukarsa* (anonim, saka Cirebon?), *Suluk Linglung* anggitane Sunan Kalijaga (Demak-Pajang), *Suluk Walisana* anggitane Sunan Giri II (kaanggit kira-kira taun 1414). Dene tradhisi sastra suluk Kraton dimanggalani para pujangga kraton, tuwuh ngrembaka nalika jaman Sri Sultan Hamengkubuwana V saka Kasultanan Yogyakarta (1820–1855). Kasunyatan iki adedhasar tuwuh-ngrembakane kasusastran ing kraton kang akeh ditemoni ing jaman kuwi. Nanging mangkono, sastra *suluk* kraton kang paling tuwa miturut para winasis katulis tahun 1815 kang asesirah *Serat Suluk Warni-Warni*.

Wekasane, sastra suluk kuwi minangka sumber inspirasi mental-spiritual bangsa. Mula, yen bisa dadi kawigatene kita kabeh. Amarga piweling lan ajaran moral sajeroning sastra suluk bisa kanggo nggulawenthah anak putu saiki lan mbesuk kang kahanane wis ora padha karo kahanane generasi kang wis liwat. Tanpa ajaran moral-kerohanian kang maton, ora bakal ana peradaban kang linuwih, ora ana bangsa kang nduweni martabat. Cuthel.

Urip Triyono, S.S., Guru Mapel Basa Jawa SMP Negeri 2 Jatibarang, Kec. Jatibarang, Brebes.

Puisi Têgalérin Dadi Gêrakan kanggo Mêrtahana Sastra Têgalan

Dening: Geni Purbatini



Puisi kuwé sawijining karya sastra sing paling disênengi lan akèh dinikmati daning para pênikmat sastra utawané sapa baé, soalé nang puisi bisa ngêrti isi atiné pengarang. Bisané? Mêrgané anggêr maca puisi, awaké dhéwèk bisa ngêrténi isi atiné pengarang lan kondhisi sosial masarakat jaman kuwé. Puisi bisa dadi dlanggung kanggo ngèksprèksikna pèrasaan pêngarang. Kiyé padha karo pendhapaté Rachmat Djoko Pradopo, puisi kuwé èksprési pemikiran sing bisa nukulna pèrasaan imajinasi panca indra sing ana susunan sing

nduwéni wirama. Anggêr Dresden puisi kuwé donyané têtêmbungan sing isiné minangka kacabênggala saka pêngalaman, pêngêtahuan karo pèrasané pêngarang kanggo ngudhari donyané têtêmbungan.

Puisi Têgalan sing saikiné wis thukul lan ngrêmbuyung ora adoh saka sêjarahé sing dawa, yakuwé diwiwiti kiprahé pêngarang Lanang Setiawan nêrjêmahna puisiné W. S. Rendra sing judhulé “*Nyanyian Angsa*” diganti judul “*Têmbangan Banyak*” taun 1994. Sênajan tah akeh sing kontradhiksi anané

puisi têrjemahan kuwé, tapi paling ora tahun 1994 diarani tonggak sêjarah thukulé karya sastra Têgalan khususé puisi Têgalan. Sing nang akhiré sastra Têgalan têrus ngrêmbuyung lan bisa mêgar nganti saikiné. Nang taun 2019 mulai mênthongol puisi Têgalan jênis anyar yakuwé Wangsi, disusul Kur 267 taun 2020, lan sing nêmbé baé puisi Têgalerin taun 2021.

Puisi Têgalerin salah siji bêtuk puisi Têgalan sing nduwéni ciri béda karo puisi Têgalan liyané. Puisi Têgalérin digagas daning sastrawan Têgal, Lanang Setiawan karo Ria Candra Dewi 2021. Puisi Têgalérin kiyé diilhami daning bêtuk sonata sing klêbu puisi kuna Italia. Bêtuk sonata kiyé Têgalérin ora kabeh plêk dinggo nang puisi Têgalerin. Contoné nang bêtuk utawa pola tuangé, jumlah baris, lan rima pada dirubah utawa diinovasi dadi ana 4 baris, pola tuangé 2,4,2,4, têrus rima bisa ajêg bisa uga ora. Contoné nang puisi Têgalerin kiyé:

Aja Medit

Karya Maufur

*Woh kedondong diangkut andhong
Dadi wong aja sênêng nyadhong*

*Tangan njêmpalik kuwé luwih apik
Mêrga klêbu tindak laku bêtuk
Tapi yen diné ya ora usah nampik
Mbokan dikira munafik*

*Rêjêki sing ditampani ana ndéké wong liya
Aja kabèh dikrêkês nggo mênakaya*

*Rêjêki ana sing nggoléti ana sing marani
Yèn wis ditampani aja wani-wani
Ninggal léwa ora dibagi-bagi
Tiba mburi bisa dadi blai*

Saka contoh puisi Têgalérin sing judulé “Aja Médit” karyané Maufur mau bisa didêlêng saka bêtuké ana patang bait, bait kêsiji ana 2 baris, bait kèlora ana 4 baris, bait kêtelu 2 baris, lan bait kèpapat ana 4 baris. Puisi kiyé ésih njaga rima yakuwé bait siji a, bait loro i, bait kêtelu a, lan bait kèpapat i maning.

Contoh puisi Têgalerin liyané sing ora njaga rima yakuwé “Konsèp Urip” karyané Lanang Setiawan.

Konsèp Urip

Gawéyane Lanang Setiawan

*Kanda cut laka
Aja bosên gawé wong sênêng*

*Ilmu sêtitik
Aja bosên nabur badai
Dudu badai maksiat
Tapi badai ben wong dadi hébat*

*Wong sugih njêprah
Sing kobèr gawé bunga èmbuh*

*Pahala ora mung sodakoh
Ora sawa-sawa cut
Badai ilmu luwih sêgala
Nyipta wong pintêr ngungkuli sahabaha*

Nang puisi Têgalerin “Konsèp Urip” karyané Lanang bisa didêlêng yakuwé rima ora ajêg. Aran Têgalérin asal usulé dijukut saka têmbung Têgal karo Erin. Têmbung Erin saka Berlin sing manut basa karaktêristik artiné nyênengi *perubahan* lan *varian*. Anggèr wong wadon sing arané ana Erin-e nduwéni arti wong wadon sing ayu. Tapi sing dikarêpna njukut aran Têgalérin nduwéni maksud puisi Têgalan sing nduwéni sifat inovatif. Inovatifé mênega ana pèrkawinan bêtuk puisi sing bêtuké mirip sonata tapi basa sing digunakna têtêp basa lokal yakuwé basa Jawa dialèk Têgalan.

Kaitané karo puisi Têgalerin, wulan Oktobêr taun wingi yakuwé 2021 nang Universitas Bhamada, Komunitas Sastrawan Têgalan Kêrjasama karo Perpustakaan Cendekia Bhamada nganakna Pêluncuran 2 buku Antologi Puisi Têgalérin yakuwé buku *Têlik Sandi Têgalerin* lan *Para Widadari Têgalerin*. Acara kiyé dinarasumberi dening Dr. Ganjar Harimansyah (Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah), Dr. Tirta Suwondo (sawijiné peneliti saka Balai Bahasa DIY), lan Dr. Dina Nurmalisa (dosen Unikal Pekalongan). Acara kiyé dimodêratori daning Drs. Atmo Tan Sidik lan dirawuhi Wakil Bupati Brebes Narjo, S.H., para guru basa, akademisi, budayawan, lan penyair sawilayah Têgal,

Jênis puisi Têgalérin kiyé rupané ana maksud kèpéngin nongolna kiprahé para pênnyair wadon sing sasuwéné kiyé arang-arang katon, mulané daning Lanang Setiawan digugah karo disêmangati ébèn

tangi lan gêmrengut sêngga bisa nggawé karya maning. Sing akhiré digawé kumpulan puisi Têgalèrin sing judulé *Para Widadari Têgalerin*. Kumpulan puisi kiyé pengarangé wadon kabèh.

Ngëndikané Dr. Dina Nurmalisa puisi *Para Widadari Têgalerin* kiyé sebutan widadari kanggo para penulis wadon sing èsih dadi objèk nang karya sastra, sênajan tah wis dadi pênulis. Diarani èsih dadi objèk mênggané sing ditonjolna èsih éstétika fisik. Citrané wadon sing diibaratna dadi widadari kuwé minangka citraan fisik. Manut panjênêngané gambaran bidadari kuwé gambaran sêmpurnané wong wadon sing ayu, mulané panjênêngané nduwéni pêmanggih yèn wong wadon durung dadi subjèk.

Panjênêngané uga ngaprénsiasi marang 12 pêngarang wadon sing latar bêlakangé béda-béda ning bisa ngarang puisi Têgalèrin, lan puisi kiyé bisa dadi tonggak lairé puisi Têgalèrin. Aprésiasi uga diwékèna maring Lanang Setawan mênggane wis nggêrakna para pêngarang wadon kanggo nulis buku kumpulan *Para Widadari Têgalèrin*. Antologi kiyé minangka bêtuk kèpêdulian kanggo Gêrakan Sastra Têgalan sing kudu dikuatna kanggo idhèntitas puisi Têgalan. Langgêngé gêrakan kiyé bisa diarani stratêgi kèbudayaan.

Puisi Têgalèrin sing klèbu wujud karya sastra Têgalan bisa diarani salah sijiné wujud penguatan budaya, ngëndikané Dr. Ganjar Harimansyah saka Balai Basa Jawa Tengah. Panjênêngané ngëndikan yèn basa dhaérah kuwé bisa didadèkna kaca kanggo ngilèng 3 wujud kèbinékaan bangsa Indonesia. Têlung wujud mau yakuwé kanggo ngilèng kèbêragaman pola pikir lan pêngêtahuan, pola hidup lan nilai etnisitas masarakat Indonesia.

Panjênêngané uga ngëndikan nggunakna basa dhaerah/Jawa kuwé ora mung salah siji wujud pêngakuan anané basa dhaérah tapikèn ya kanggo penguatan idèntitas. Aja mindhêr nganggo basa dhaerah dhialèk Têgal soalé basa dhaerah kuwé klèbu cêrminan kècêrdasan, ora mung kuwé thok basa dhaerah ya klèbu cêrminan nilai tradhisional sing jêro saka budaya sing ngormati warisan luhur, anugrah saka Gusti Allah, lan nilé-nilé sistèm sing ana nang njêroné basa dhéwèk. Basa dhaerah/dhialèk kuwé wujud èksprési idèntitas sing diistilahna *sense of the belonging* 'rasa memiliki' lan *sense of difference* 'rasa perbedaan' maksudé masarakat nduwéni rasa *memiliki* sing kuat mênggane nduwéni ciri sing unik lan khas sing béda karo basa dhaérah sing

dinggo masarakat liyané. Manut Dr. Ganjar ana loro sing dadi tantangan kanggo basa Jawa dhialèk Têgal yakuwé kurikulum sing kudu *mengakomodir* anané pêmbelajaran basa Jawa lan komunikasi basa Jawa/dhialèk sing digunakna nang sabên dinané. Angger basa Jawa dhialèk Têgal ora dilêbokna nang kurikulum pêmbelajaran muatan lokal ya alamat gènêrasi saiki lan mêngkone bélih kênal basa dhaérah Têgal. Mêngkono uga anggêr masarakat Jawa Têgal wis ora nganggo basa Jawa Têgal nang lingkungan kèluwarga ndéyané basa Jawa Têgal bakal punah.

Têgal sing masarakat penuturé nggunakna basa Jawa dhialek Têgal nduwéni ciri unik lan khas, masarakate nduwé tradhisi kreatif bersastra sing unik yakuwe dinamika, antusias, lan inovasi sastrawané paradoks karo dénotasi kotané. Masarakaté bisa ndadèkna Têgal/sawah kèring ora mung *place* tapikèn *space* sing nolak/bélih gèlêm garing, ngëndikané DR. Tirto. Panjênêngané ya ngëndikan kéri-kéri kiyé sastrawan Têgal nggawe 'ke-gila-an'/edan yakuwé nang waktu 3 taun (2019-2021) bisa mroklamirna têlung modhèl sing diklaim dadi genre puisi anyar Têgalan. Têlu puisi mau: (1) wangsing yakuwé gabungané wangsalan karo puisi; (2) Kur 267 yakuwé kêmasan puisi cèndhèk Têgalan sing nyêrêp model Haiku Jepang (sabên lariké ana 2,6,7 suku kata), (3) puisi Têgalèrin yakuwé paduan puisi Têgalan karo sonata Italia. Tindakan kreatif inovatif kiyé minangka curêkan sêjarah mlakuné sêjarah ngémbangé puisi Têgalan. Panjênêngané uga ngusulna sastrawan Lanang Setiawan dadi tokoh pembaharu puisi Têgalan.

Saka ulasan nang ndhuwur, bisa disimpulna apa baèn pèrkembangan sastra Têgalan khususé puisi Têgalan sing nduwéni bêtukan anyar, kuwé sah-sah baèn. Malah anané bêtuk-bêtuk sing anyar mau nandhakna yèn para sastrawan nduwéni kreativitas lan inovasi sing dhuwur kanggo majokna puisi Têgalan. Gêrakan-gêrakan kiyé khususé nggawe puisi Têgalerin, para sastrawan kiyé bisa diarani gêrakan kanggo mêtahanakna puisi Têgalan ébèn ora stagnan tapi têtus ngémbang lan inovatif sêngga gènêrasi sing pan têtaka luwih kèpèncut nyinauni puisi Têgalan, gèlêm nguri-nguri sing wekasane puisi Têgalan tetep lestari.

Nuwun



Sawitri

Dening: Sumiyardhana

Sawitri. Kenya ing ngarepku iki nangis sesenggukan. Katon eluh mili nlusuri pipine kang putih mulus. Aku mung kamitenggengen. Mawarna-warna rasa ngebaki atiku. Sedhik, nesu, gregeten, dadi siji ing kalbu. Atiku krasa dirujit-rujit krungu critane. Pengin rasane tak usap eluh kuwi, lan tak elus-elus rambute kang ireng sapundhak. Nanging, eman aku ora bisa nglairake angen-angenku mau. Sewalike, aku bisane mung ngadeg njegreg ing ruwang tunggu Wirogunan iki. Papan pakunjaran paling gedhe ing Yogyakarta.

E, lelakon. Kena ngapa kang kaya mangkono bisa tumama marang awakmu, Sawitri. Ora nyana yen kenya manis kuwi bakal nandhang pacoban kang kaya ngene gedhene.

“Mangkono Mas, lelakon kang kudu taksandhang,” kandhane Sawitri ing sela-selaning tangis, mungkasi critane. Crita kang gawe gorehing ati.

Aku percaya. Sithik wae aku ora maido karo kenya ing ngarepku iki. Wiwit cilik aku wis kenal dheweke. Tangga sandhing omah. Ngapa-ngapa asring bebarengan. Dolan bareng, mangan bareng,

nganti sinau barang bareng. Sanadyan dheweke telung taun luwih enom tinimbang aku. Mula saka kuwi, aku ngerti bener watak wantune. Dheweke ora tau goroh. Sangertiku ora tau nlisib saka bebener. Tau nalika cilik dheweke tak ajak nyolong rambutane tangga. Nanging dheweke nulak amarga wong tuwane ngandhani yen kuwi mau tumindak kang ora bener. Dheweke ora gelem mbolos sekolah lan bab-bab nakal liyane.

Anggonku srawung runtang-runtung karo Sawitri. Ora aneh yen aku cedhak banget karo bocah kuwi. Aku karo Sawitri kaya dene sedulur. Malah aku nganggep Sawitri kaya adhiku dhewe.

Aku srawung karo Sawitri nganti ngarepake diwasa. Kepeksa aku pisah karo dheweke nalika aku mlebu pendhidhikan dadi polisi. Kanggo pendhidhikan kuwi, aku kudu mlebu asrama. Ninggalake wong tuwa. Ninggalake desa. Kalebu ninggalake Sawitri.

Suwe ora ana sesambungan, jebul aku entuk kabar yen Sawitri mlebu pakunjaran. Mula, ing kalodhangan iki aku njupuk cuti kanggo lunga menyang Yogyakarta, niliki dheweke. Lan crita kang taktampa saka dheweke bener-bener ngrerujit ati.

Pirang taun sawise Njenengan mlebu polisi, aku lulus sekolah terus entuk gawean ing Batam. Ing kono aku kenal sawijining nom-noman, gantheng, gagah. Ngakune jenenge Bobby. Wiwit sepisanan ketemu pancen aku wis kepranan marang dheweke, Mas. Sesambunganku karo Bobby tansaya cedhak. Nganti aku ora kabotan dadi pacare.

Ing sawijining minggu Bobby ngajak aku liburan menyang Yogyakarta. Nyedhaki wektu cutiku entek, aku karo Bobby tumuju bandara kanggo bali menyang Batam. Aku sakloron wis tekan ngarep bandara nalika dumadakan HP-ne Bobby muni. Bobby enggal-enggal menyat karo ngangkat telpon. Rada suwe dheweke ngobrol. Sawise rampung anggone nampa telpon, dheweke age-age marani aku.

“Sayang, kepeksa aku ora bisa melu bali saiki. Dumadakan ana tugas wigati saka kantor ing Yogya iki.”

Aku plenggongan. Ora trima karo kandhane.

“Terus piye? Awake dhewe batal bali iki?”

Tangane Bobby nyekel pundakku kiwa tengen. Nyawang aku kanthi tajem.

“Ora, Sayang. Sesuk kowe kudu nyambut gawe. Aku wae sing batal mabur. Kowe tetep mangkat saiki.”

Aku pengin protes. Rasane tetep ora lila pisahan. Lagi wae arep nyuwara, drijine Bobby malang neng lambeku. Menggak anggonku arep celathu.

“Sayang, urusanku ora suwe. Sesuk aku wis bakal nyusul menyang Batam. Nanging aku titip koperku. Eman-eman wis tekan kene. Wong aku ya ora butuh klambi ganti.”

Bobby nyakinake aku. Karo mesem dheweke manthuk. Aku ora suwala, banjur jumangkah menyang korine bandara. Sadurunge mlebu sepisan maneh taksawang dheweke. Bobby dhadhah, nemplekake drijine ing lambene terus diuntabake menyang awang-awang. Aku mesem banjur nerusake laku.

Koperku karo kopere Bobby takselehake ing *konveyor*. Kanggo dipriksa. Aku dhewe mlaku ngliwati *detektor*. Ora nggawa apa-apa.

Ora ana masalah nalika petugas mriksa awakku. Lah, pancen ora neka-neka. Nanging aneh, barang-barangku dicubriyani. Kopere Bobby dibongkar. Digledhah. Anane mung klambi karo clana. Nanging petugas ora marem. Koper kuwi diadhul-adhul. Ana perangan sing banjur dirusak. Ing njerone ana barang kaya bedhak. Embuh, aku ora ngerti barang apa kuwi. Nanging amarga kuwi aku banjur diglandhang menyang kantor dening petugas. Aku diteter pitakon warna-warna kang aku ora ngerti jawabane. Dina iku uga aku dicekel dipasrahake polisi.

Aku banjur mudheng yen ana narkoba kang diselipake ing koper. Pirang-pirang dina aku dipriksa karo polisi. Sabanjure aku ditahan ana kene, Mas. Bobby ora ngerti juntrunge. Sing cetha dheweke terus ngilang, sawetara aku dijeblosake ana pakunjaran. Aku ora ngira yen dheweke nyedhaki aku mung arep dimanpangatake kaya ngene.

Aku njegreg krungu kabeh critane Sawitri. Pisan-pisan aku ora maido karo critane. Kaya kang wis takkandhakake, kenya kuwi ora tau goroh. Dadi, dheweke mung korban. Wong lanang kae, si Bobby, sing pancen bajingan. Malah aku yakin jeneng Bobby kuwi dudu jeneng asli. Dene, Sawitri ora salah apa-apa.

Nanging keyakinan wae ora cukup kanggo mbebasake Sawitri. Buktine dheweke wis nggawa

barang karam ana kopere. Kasuse wis tekan pengadilan. Bukti-bukti ngarah kabeh marang dheweke. Saiki mung kari nunggu vonis saka hakim. Piye aku bisa ngetokake dheweke. Upama bisa, aku pengen mindhah otakku marang wong-wong sing ngadili Sawitri. Supaya wong-wong kuwi ngerti kepriye sucine atine kenya kuwi. Eman, aku ora kuwawa tumindak apa-apa sanadyan aku yakin marang bebener ing ngarepku.

Nusakambangan wis katon ing ngarep kana. Kapal kang taktumpaki sadhela maneh tekan ing pulo kae. Langit kang mendhung njalari surem-surem swasana. Kewajibanku dadi anggota regu tembak kang ndadekake aku nyabrang selat iki.

Ing kahanan kaya ngene iki aku dadi kelingan marang Sawitri. Kelingan patemonku kang pungkasan. Ah, banjur kepriye nasibe bocah kuwi. Kewajibanku ing pakaryan kang ndadekake aku ora bisa nlesih maneh kabar sabanjure.

Aku unjal ambegan. Rasane aku ora mung prihatin. Atiku isih rinujit-rujit ngrasakake lelakone. Lara. Aku pengin nggoleki wong lanang sing wis njlomprongake dheweke. Yen ketemu, aja takon dosa, mesthi takpala entek-entekan.

Sawitri, Sawitri. Dumadakan aku krasa aneh. Kayane pancen ana rasa liya ing atiku iki. Malah ing atiku sisih njero kana ana rasa wedi. Wedi kelangan kenya kae.

Dheg. Nembe aku nlegewa yen ing atiku satemene wis thukul rasa tresna marang kenya kae. Dudu rasa tresna marang sedulur. Dudu. Dudu kuwi. Iki rasa tresnaku minangka jejere priya marang wanodya. Ah, ngapa aku nembe nlegewa saiki. Sesuk yen kewajiban iki wis rampung aku kudu merlokake tilik dheweke maneh. Sokur ana kalodhangan kanggoku nelakake rasa tresna iki.

Tengah wengi nyedhaki parak esuk, aku sakanca wis siyap-siyap. Saregu baris tumuju papan eksekusi. Lembah Nirbaya. Wengi kang peteng amarga mendhung marakake kahanan tansaya tintrim. Malah banjur krasa grimis rawis-rawis nyapu rai. Adheme

karasa njekut. Nanging kabeh kuwi ora kapaelu. Katutup rasa sepaneng amarga nindakake kuwajiban saka negara.


Rumangsaku kahanan Lembah Nirbaya iki beda karo papan liyane. Aku dudu wong sing jirih. Nanging aku rumangsa mrinding saben ngidak papan kene. Apa merga perbawa lemah iki? Ing kene wis pira wae wong kang koncatan nyawa dieksekusi regu tembak. Mungkin kuwi kang marakake papan kene gawe githok mengkirig.

Regu tembak cacah wong rolas wis siyaga. Watara nem meter ing ngarepku, ana cagak loro kanthi jarak sepuluh sentimeter. Ing mburi cagak mau katon tumpukan goni isi wedhi. Kanggo nahan mbok menawa ana peluru sing mleset. Ing lemah, ana papan kayu sing bakal dipidak narapidana. Godhong-godhong kelor mbleder sumebar ing kono. Jare kanggo ngawekani yen narapidana sing arep dieksekusi nggawa jimat.

Regu tembak banjur jejer ngadhepi cagak kanggo ngancang narapidana kang kudu dieksekusi. Ana uga sawetara petugas saka pakunjaran lan dhokter. Kabeh padha ngadeg sacedhake papan iki. Ing petenge wengi, ana wong siji kang nyekeli senter kanggo madhangi narapidana sing arep dieksekusi. Ing pinggir dhewe komandhan regu nggawa pedhang kanggo menahi aba-aba.

Ora suwe tahanan kang kudu dieksekusi banjur dicepakake ing cagak. Tahanan mau diseret dening petugas pakunjaran. Tahanan kanthi mripat dipethong. Dheweke banjur dikencang tangane ing cagak kang sumadya. Aku sakanca enggal nyepakake bedhil. Satemene, saka bedhil-bedhil iki, mung siji sing isine pluru tenanan. Dadi, aku ora ngerti bedhil sing endi sing bakal ngoncatake nyawa. Bisa saka bedhil sing takgawa, nanging bisa uga sing digawa salah sijine kancaku.

Lampu senter diarahake tumuju tahanan mau. Aku kaget nalika nyawang narapidana kang dipethong kuwi. Malah aku meh wae semaput amarga kaget. Sawijining wanita. Lan sanadyan kahanane ora patia padhang, aku ora pangling karo pawongan ing ngarepku iki. Sanadyan mripate dipethong. Sanadyan raine ditutup. Dedege, blegere, aku ora bakal lali. Wanita kanthi rambut ireng sapundhak. Sawitri.



Sugeng Tindak, Pak RW

Dening: Eko Hastuti

“Inna lillahi wa innaa ilaihi raaji’uun! Sampun katimbangan wonten ngarsanipun Allah SWT, Bapak RW VII Perumahan Seroja, nalika tabuh 04.15 WIB ing RSU amargi gerah. Layon badhe kasarekaken pukul 10.00 WIB wonten pasarean Seroja langsung saking Nggriya Sakit kanthi protokol kesehatan. Mangga para warga kasuwun nyolataken Ghoib wonten griyanipun piyambak-piyambak”.

Mangkono unine wara-wara saka toa mesjid Seroja kanthi swara geter. Pak Kaum sing wis biyasa ngumumake warta lelayu, swarane ora kaya biyasane kang keprungu cetha, lan wibawa. Genea swarane saiki katon groyok lan ndhredheg? Apa marga Pak RW sing seda? Apa merga lagi seminggu kepungkur ing Perumahan Seroja uga ana kang seda? Apa jalaran Bu Karni, bendahara RT 4 Perumahan Seroja iya wis ndhisiki tilar donya? Pitakon-pitakon tanpa wangsulan

mau ngrenggani anggane warga Perumahan Seroja kang tintrim. Swasana mamring nambahi kahanan kang sepi saya nyenyet. Anane prastawa sripah kang susul-sumusul wetara telung minggu iki banget gawe nggrantes lan kekes.

Pancen sapa kang krungu warta lelayu mau padha ngungun. Kaya ora percaya marang prastawa pageblug kang lagi nedheng-nedhenge dumadi. Kaya-kaya durung suwe kabar pageblug corona kang kawitan njedhul ana Wuhan, China. Jebul ngerti-ngerti pating jredhul mangan korban ing kampung anyar, iya Perumahan Seroja.

Dhadhane Bu Prapti kaya didhodhog seru, dhetake jantung kaya pating glodhag ora karuan. Mripate kaca-kaca, lambene ndremimil olehe ndedonga. “Ya Allah, nyuwun pangapunten, sedherek-sedherek kula ingkang sampun katimbangan

sowan, dipunapurani dosa lan kalepatanipun. Sedaya amal kasaenan pun tampi lan pikantuk piwales ingkang samurwat. Kita ingkang dipuntilar paringana tatag lan sabar, nyuwun kawilujengan, saha kabagaswarasan”, pandongane Bu Prapti lirih. Ora krasa sikile kang ringkih gemeter, banjur lungguh mak prok ing kursi ruwang tamu kanthi geger semendhe ing bantalan kursi. Mripate kaca-kaca kebak mutiyara kang pating brebel gumlundhung ing kiwa tengene irung.

Gawang-gawang kelingan lelakon telung minggu kepungkur, nalika kegiatan pertemuan KSM Seroja, iya ing ruang tamu mau. Menawa Bu Karni kang priyayine grapyak sumanak eseme pait madu lenggah ana iringe macakake laporan keuangan KSM Seroja. Kanthi swara kang groyok karo rada seseg napase, praupane Bu Karni ora kaya biyasane, katon mangar-mangar ning suntrut. Senajan tetep sumeh nanging ketok nahan salirane sing nembe masuk angin kasep. Sawetara ibu-ibu ngelingake yen sakjane Bu Karni ora rawuh ora papa wong lagi gerah. Ewa semono, Bu Karni meksa rawuh jalaran kepingin ketemu ibu-ibu anggota KSM sing wis suwe ora ana kumpul-kumpul amarga pandemi. Sawise laporan malah Bu Karni ngendika yen kepingin leren olehe dadi bendahara amarga wis pirang-pirang taun durung diganti. Karo maneh ben bisa gentenan karo liyane. Bu Karni njaluk ngapura menawa sasuwene dadi bendahara lan sesrawungan sasuwene iki akeh kekurangan lan kaluputane.

Let seminggu saka acara mau, penere dina Minggu, ing toa Mesjid ana warta lelayu. Kang seda iya Bu Karni ana Rumah Sakit. Ora ana sing ngira yen sawise pertemuan KSM dhek dina Minggu sadurunge kae, gerahe Bu Karni saya nemen. Watuke ngikil, awake panas, lan ora bisa ngrasakake apa-apa. Wis diundangake tukang pijet lengganane malah dikeroki barang tetep ora suda. Wis disaranke tangga teparo supaya priksa ana puskesmas apa rumah sakit, Bu Karni ora kersa, wedi yen kena covid. Nganti tekan dina Setu sore Bu Karni isih ana ngomah nanging kahanane wis nguwatirake, awake lemes tanpa daya malah sempat ora sadhar barang. Iya Setu bengi kuwi Bu Karni digawa ana RSUD, eman ora nganti esuk, panjenengane kapundhut sowan ing ngarsane Gusti. Bu Prapti rasane getun dene bar pertemuan kae ora

ngaruhake Bu Karni wis mari apa durung. Kok ngerti-ngerti kanca akrabe mau dikabarake seda. Pancen daleme Bu Karni rada adoh mula langka kepethuk, kejaba ana pertemuan utawa yasinan tembe ketemu yen padha dene mangkat.

Lagi alon-alon nata ati kang growah, dumadakan HP sing diglethakake ana ndhuwur meja keprungu swara musik minangka tandha notifikasi. Jebul tenan, ana WA saka Pak RW kang isine njaluk *data* wong-wong sing wingi rawuh ing acara pertemuan KSM Seroja ana daleme.

“Bu, nyuwun *data* sinten mawon ingkang rawuh kalih katrangan sacekape, utamanipun posisi *tempat duduk* ingkang caket kaliyan Bu Karni,” pangandikane Pak RW lumantar WA mau.

“Lha wonten menapa ta, Pak RW?” pitakone Bu Prapti ora mudheng kersane.

“Njenengan *ke-tracking* kalih sedaya ingkang sami rawuh kempalan,” sumaure Pak RW.

“*Astagfirullah, adzim*, dados Bu Karni sedanipun amargi covid Pak?” pitakone Bu Prapti semu ora percaya. Jalaran Bu Karni iku pancen duwe gerah sesak napas lan sing uwis-uwis yen masuk angin iya kaya kuwi, watuke ngikil, ning saben dikeriki banjur mari.

Iya bar kedadeyan kuwi Pak RW gage nganakake rapat kanggo gawe aturan antisipasi penularan virus-19 tumrap warga RW VII. Menawa sawetara wektu ora entuk nganakake kumpulan apa wae, mbuh kuwi arisan, yasinan, kumpulan RW/RT, kumpulan PKK, yasinan remaja, lan kegiatan Bank Sampah. Penyemprotan cairan *desinfektan* uga digrengsengake, ewa semono mung let seminggu wis ana lelayu maneh. Sing seda priyayi kakung kang daleme ora adoh saka daleme Bu Karni. Mbuh kepriye critane, Pak Khaslam sing profesine dadi tukang ojek iku seda kanthi protokol kesehatan. Bu Prapti isih lenger-lenger ana kursi, dumadakan keprungu notifikasi yen ana WA mlebu ana HP-ne.

“Bu Prapti, mangga disengkuyung program Jaga Tangga, amargi wonten tiyang 8 ingkang isolasi mandhiri ing RW VII. Yen saged awujud sembako kemawon, syukur menawi dipundhutaken tigan. Amargi tiyang ingkang positif covid menika sedinten kedah ndhahar tigan godhog paling boten setunggal,” pangandikane Pak RW ana WhatApps mau.

Bu Prapti isih kelingan nalika tuku endhog limang kilo, banjur diterake ana daleme Pak RW. Ndilalah sing nampa iya Pak RW dhewe. Ngendikane, Bu RW lagi blanja ana warung cepak perumahan kono. Ora keru Pak RW ngaturake panuwun marang Bu Prapti kang wus awèh perhatian lan pitulungan marang tangga teparo kang nandhang susah. Sadurunge pamit, Bu Prapti pesen yen isih diperlokake mbiyantu kanggo Jaga Tangga maneh, siyaga sawayah-wayah.

Temenan, mung let telung dina wis ana *edaran* saka Pak RW lumantar WA. Menawa pengurus RW VII nganakake kegiatan Jaga Tangga maneh. Jalaran warga kang isolasi mandhiri tambah wong telu. Bu Prapti enggal kirim sembako maneh, diterake ana daleme Pak RW. Sing nemoni ndilalah Bu RW dhewe. Bu RW ngaturake panuwun marang Bu Prapti lan weling supaya ngati-ati amarga pageblug saya medeni.

“Ngatos-atos nggih, Bu. Niki seg kathah ingkang isman (isolasi mandhiri), ampun kempal-kempal riyin, menawi sholat nggih wonten nggriya mawon. Ampun kesupen 3M nggih, Bu, cuci tangan ngangge sabun, ngagem masker, lan jaga jarak,” ngendikane Bu RW mantep.

“Nggih, Bu. Matur nuwun sampun dipunemutaken. Pak RW tindak napa, Bu, kok sepen,” pitakone Bu Prapti sadurunge pamit.

“Oh, Bapak saweg *workshop* wonten Semarang, Bu. Nggih pripon malih amargi ngayahi tugas. Nembe bidhal kawa wingi enjang, Bu,” wangsulane Bu RW kanthi sumringah. Katon yen biyasa ditinggal lunga adoh saperlu ngayahi jejibahan minangka widyaiswara tingkat provinsi. Mendah kaya ngapa repote angger-angger nindaki *workshop*, seminar, *diklat* minangka narasumber. Sing dadi senenge warga, senajan ta Pak RW sibuk nanging tanggung jawabe minangka sesepuhe kampung tetep lumaku kanthi lancar. Meh saben program kaleksanan kanthi becik lan sukses. Bu Prapti banjur pamit sawise pesen kapan ana acara Jaga Tangga maneh supaya dikabari.

Bu Prapti katon unjal ambegan landhung, kelingan

pirang minggu sadurunge bareng Pak RW menyang PKU Klaten. Salah siji wargane nemahi kacilakan ana Gunungkidul, banjur opname amarga kudu operasi perangan sirah kang tatu abot. Wektu semana Pak RW lagi ndherek rapat penting ing Ruang Sekda Kabupaten. Bareng rampung, enggal pamit saperlu ngurusi salah siji wargane kang nandhang susah kasebut. Ing sadawane dalan rikala mangkat lan mulih perjalanan, Pak RW crita werna-werna jer dadi pemimpin iku kudu sigap lan tanggung jawab. Saben dina anane mung neter kesabaran lan perjuangan olehe leladen marang wargane kang maneka werna watake. Kalebu kudu sabar awèh pengerten marang wargane kang hobi ngingu-ningu kewan langka kaya ta ula, trenggiling, tekek, lan kewan liyane kang bisa mbabayani kaslametan. Pak RW rasan yen wis sela, arep ngendikani wong sing ngingu ula mau. Kamangka durung patia suwe Pak RW nembe wae ngakurake wargane sing cecongkrah jalaran bab kang sepele. Amarga pitike tangga ngeker-eker tandurane kembang wae, wong kang omahe arep-arepan nganti lapor-laporan tekan RW.

“Wis sawetara wektu Pak RW ora kirim kabar bab Jaga Tangga ya, muga-muga kahanan ing Seroja wis lerem anggone kena pageblug. Sing padha isoman enggal padha mari sehat maneh kaya wingi-wingi,” pangresahe Bu Prapti ana batin. Nanging lagi wae rada aso pikire, dumadakan keprungu wara-wara saka Mesjid Seroja, kang gawe geter.

“*Assalammu’alaikum wa rahmatullahi wa barakatuh*. Bapak ibu warga RW VII Perumahan Seroja, mangga sami sumene sawetawis, kangge ngirim donga kagem almarhum Pak RW. Layon sampun dumugi pasarean. Nuwun kawigatosan lan donganipun. *Wassalammu’alaikum wa rahmatullahi wa barakatuh*,” unine wara-wara kang keprungu sora, tumrecep nunjem ing dhadha. Bu Prapti enggal menyang tumuju kamar mandi saperlu wudhu banjur sholat Ghoib. Jare tangga, sakondure Pak RW saka *workshop*, banjur gerah mung patang dina, nganti tumekaning seda.

Eko Hastuti, Guru SMPN 1 Wonosobo



Ngemonah Crita Supaya Laras lan Nges

■ Dening: Triman Laksana

Sepisan maneh, bisa nulis sing nges lan gamben iku dudu bakat, nanging kabeh ngeli marang dalane proses. Proses nulis bakal lumaku krasa luwih gampang, upama wis nduweni pengalaman lan wawasan sing manjing ana jiwa lan raga. Mung wae, kabeh

gumantung ana karep lan niat, kepriye anggone tambah prigel lan ningkatake anggone nulis. Ora mung mbujung akehe anggone nulis, nanging uga bisa ngundhakake hasil tulisane. Mulane, sanajan akeh sing wis ditulis, nanging tetep ora gelem sinau lan nambah

wawasan anyar (bisa diwaca: gelem maca karya tulisane wong liya sing luwih gamben lan mumpuni). Ya, hasil tulisane mung kaya mandheg, lan ora ana mundhak mendhukule karyane. Sebab, biyasane anggone nulis mung mbujung adrenge cepet-cepet *eksekusi ide*. Nanging durung ngliwati *ide* iku diimbu nganti mateng, terus diwenehi bumbu, nuli ditulis. Apa maneh, menawa *ide* iku anggone nulis mung ndeleng nganggo mripat wantah wae, durung nganti tekan ati lan rasa. Tundhone, hasil tulisane utawa karyane ya mung wantah, mentah, lan njuwarehi.

Ide nulis cercak iku pancen ora terus ujug-ujug tiba seka awang-awang, kaya entuk wangsit wae. Nanging, kabeh mesthi ana proses sing dawa, lan dalane uga ora gampang. *Ide* iku ora ditunggu, malah kepara *ide* iku kudu digoleki, supaya ngerti larah lan dalane. Dadine cercak bisa nggambarake donyaning kasunyatan, uga bisa gawe getere sing maca. Sanajan cercak mujudake *fiksi*, ditulis kanthi *genre absurd* lan kadhang kala ora mlebu ing akal sehat, nanging paling ora bisa gawe cingake para maos. Mulane, penulis iku kudu gelem dadi *petualang*, supaya hasil tulisane rinasa urip. Luwih apik menawa ngalami dhewe, paling ora wis ngliwati *survey*, *olah data*, lan *analisis*.

Nalika maca cercak karyane Eko Hastuti, kang irah-irahane “Sugeng Tindak, Pak RW”, satleraman wae wis gampang didudut menyang ngendi playune. Apa maneh, pada utawa paragraf sepisanan wis nuduhake bab lelayu. Kamangka, pada sepisanan iki, bisa kanggo nyawa marang isi cercak sabanjure. Menawa bisa ngolah lan menehi bumbu sing luwih nengsemake, bisa wae pada sepisanan kango pancadan. Ora mung wantah lan ngegla banget. Alure ndlujur, tanpa ana rupak lan rumpile sing dadi cercak urip lan gawe kepengin kepiye pungkasan crita sing ora biyasa. Nyatane, cercak iki mung biyasa kurang rabuk. Pisan-pisan maneh, tema sing dijupuk lagi dadi tema donya bab “*Corona*”. Dadine, menawa anggone nggarap mung biyasa wae, ya kurang narik kawigaten, malah kepara wis lumrah lan mung kaya crita padinan.

Sejatine, tema sing lagi dadi moncer ing jaman iki, bisa digarap kanthi kacamata batin, dudu kacamata wantah. Mulane, bisa dipilah:

Deskripsi utawa gegambaran kahanan lan *setting* digarap kurang tliti lan bisa nambahi uripe crita. (Perumahan Seroja, RW VII)

Paraga, digarap mung saanane, kurang permati bab watak lan pribadine, sing bisa gawe crita iku beda karo liyane. (Bu Karni, Bu Prapti, Pak RW ora ana jeneng asline)

Pacelathon utawa *dialog*, isih durung bisa nuduhake menawa critane bakal gawe enak lan kepenak diwaca. Kurang muyeg, durung nuduhake ana paraga *antagonis* lan *protagonis*.

Konflik babar pisan ora ana sing kudu digawe kanggo pancadan. Ora digarap kanthi becik lan bisa marahi nengsemake.

Pungkasan crita utawa *ending*, kurang tuntas lan bisa dadi tandha, menawa crita iku wis rampung.

Pancen cercak “Sugeng Tindak, Pak RW” durung diarani gagal, nanging isih perlu rabuk-rabuk sing kudu dituhoni dening penulise (Eko Hastuti), supaya dadi crita sing luwih mentes lan nges. Gawe laras lan nges crita iku pancen ora gampang. Kabeh kudu ngliwati proses kang dawa, lan tetep terus nulis lan nulis. Supaya tulisane tetep tambah mumpuni lan kualitas. Apa maneh, menawa nulis bab singkatan, kudu ana maknane singkatan iku (KSM, ora ana keterangan sing gumathok).

Ngemonah crita supaya laras lan nges, kawiwitan saka penulise dhewe, gelem nggegulang ngelmu marang liyan sing luwih pana lan karyane pancen gamben. Aja gampang marem menawa karyane utawa tulisane wis kapacak ana ariwarti lan kalawarti. Nanging tetep terus ngupiya supaya karyane bisa luwih, lan luwih apik tinimbang sing nate ditulis. Ora mung mandheg lan mandheg ana ngenggon. Rumangsa bombong lan mongkog menawa wis nate kapacak hasil karyane. Iku sing marahi penulis ora bakal mundhak lan karyane bakal gamben.

Poma dipoma, nulis pancen gampang, nanging aja terus nggampangake, supaya hasil tulisane nduweni visi lan misi, lan migunani tumrapping liyan. Paling ora bisa kanggo pepeling marang sasama. Lan critane ora gampang ditebak saka irah-irahan lan pada sepisanan.

Sumangga!

Wayah Esuk

Soroting surya saka wetan
Ndadekna katon cerah
Embun kang nyejukake ati
Gawe sumringahing ati

Sawah katon asri
Wit-witan katon rimbun
Bukit-bukit katon ijo
Kali dawa kaya ula

Banyu kang netes
Tes tes tes nenangke pikir
Manuk kang saut-sautan
Cit cit cuit endah
Ndadekake semangating manungsa

Ndelok alam kang endah
Agawe ati kang lara dadi waras
Hawane ingkang adhem
Bisa nentremake ati

Alam kang kudu dilestarekake
Kudu dijaga kaendahane
Syukur marang Gusti
Sing nggawe bumi iki

31 Januari 2021

Salsabila Reta A.

Siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

Udan Esuk Iki

Adheme si bayu kang sumilir nggrogoti ati
Marakke rasa kang lenggah ngadi-adi
Kumepyur grimis nggawa pengarep
Kagem tiyang sing diarep arep

Jago kluruk pada sesautan
Kepara saiki krasa kulit anyep
Kesiram angin nerak sakarepe
Isih ajeg anggugah sajeroning dhadha

Kelingan dhek biyen kae
Siji ngguyu siji mbesengut, siji labuh siji
ngadoh
Saka temen dadi remen
Karepe ati ra ana tiyang bisa ngerteni

Esuk iki lucu yen diulu
Ora bisa ilang esem guyumu
Ora bakal musna sorot netramu
Naming kesimpen jero nalika nemati
udan iki

Alindia Fararadhita Azahwa
Siswa SMAN 1 Wonosari,
Gunungkidul



Udan Grimis

Senadyan tekane bar mendhung
Gawe ayem menawa teka
Yen ora teka
Dianti-anti karo donga

Seneng banget ati iki
Nyawang udan rintik-rintik
Kelingan kenanganku wektu cilik
Wektu kang seneng padha dolanan

Wis sauntawis lemu teka
Sawise kuwi pelangi njedhul
Tambah seneng ati iki
Merga kowe marakke kesemsem

Roisah Abdillah

Siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul

Kahaman Desaku

Pandelengan mata iki ketingal alam sing
endah
Katon ijo royo-royo alamku iki
Wit-witan kang rindhang padha ngadeg
jejer
Ing sakiwa tengen dalan
Miline banyu kali kidul sawah kang
gumrising
Ndadekna atiku ayem lan tentrem

Swarane manuk sing mabur
Katone jagongan kaliyan kahaman
saiki
Angin banter kang sumrisik
ngrasuk ati
Ndadekna pikiran sing lesu dadi
bungah

Hawane seger lan adhem ayem
Nggawe kita sedaya kraos teng desa
Mangkane ayo padha ngawat alam iki
Murih ati tinanem rasa syukur
Wujud matur nuwun marang Gusti
Sing nyiptakke alam kang endah iki

Kurnia Gischa Tristiya

Siswa SMAN 1 Wonosari, Gunungkidul





Dewi Ruyung Wulan

Dening: Irul S. Budianto

Adipati Handung Puspajaya ing Kadipaten Carangsoka lagi duwe gawe gedhen. Ndhaupake putrine Dewi Ruyung Wulan kang diwengku Raden Jaseri saka Kadipaten Paranggaruda. Senajan Dewi Ruyung Wulan ora tresna utawa malah kepara kipa-kipa marang Raden Jaseri, nanging sang putri ora bisa suwala. Ora bisa bangga. Yen Dewi Ruyung Wulan ora nurut, Kadipaten Carangsoka mesthi klakon digecak perang dening Kadipaten Paranggaruda.

Para kawula padha bungah nyekseni dhaupe Dewi Ruyung Wulan. Luwih-luwih ing upacara dhaupe temanten mau Adipati Handung Puspajaya sengaja nanggap wayang kulit kanthi dhalang kondhang Ki Sapanyana. Kajaba para sentana lan punggawa kadipaten, kawula sing akehe tanpa wilangan padha andher mblabar ngebaki papan pagelaran wayang kulit.

Nanging ora ngono mungguhe Dewi Ruyung Wulan. Atine sedhik banget, kaya jinuwing-juwing.

Rasane kepengin mlayu-mlayua ninggalake kursi sing saiki dilungguhi bareng Raden Jaseri, priya sing ora ditresnani. Tenan, merga wis ora kuwat ngempet rasaning ati, ing satengah-tengahe pagelaran wayang kulit mau Dewi Ruyung Wulan nekat oncat saka papane lungguh lan banjur mlayu nyedhaki dhalang Ki Sapanyana sing lagi mbabar lakon wayang ing bengi kuwi.

“Kakang Sapanyana, tulung aku enggal gawanan mlayu saka kene. Mlayu saka pendhapa kadipaten. Menyang endi wae, sakarepmu. Yen ora, luwih becik aku mati,” kandhane Dewi Ruyung Wulan karo mingseg-mingseg nangis lan ngrangkul kenceng Ki Sapanyana.

Nyipati lelakon sing tanpa dinyana-nyana, dhalang Ki Sapanyana mung meneng campur kaget lan ora ngerti apa sing kudu ditindakake. Panyawange mung katujokake marang Dewi Ruyung Wulan sing isih ngrangkul dheweke.

“Tulungana aku, Kakang. Aku ora tresna karo Raden Jaseri. Yen aku nganti dadi garwane, luwih becik aku lampus dhiri. Mula Kakang, aku enggal gawanan mlayu saka papan iki.”

Ki Sapanyana ora tega nyawang panandhange Dewi Ruyung Wulan. Atine luluh lan ora tega nyipati putrine sang Adipati sing saiki nangis njaluk pitulungan. Sanalika Ki Sapanyana banjur ngetokake kasektene sing njalari sakehe lampu ing pendhapa kadipaten lan sakiwa-tengene dadi mati dadakan. Ing kahanan sing peteng lelimengan mau Ki Sapanyana banjur ngajak adhine loro, Ambarsari lan Ambarwati sing wektu kuwi dadi sindhen nggawa mlayu Dewi Ruyung Wulan. Ninggalake pendhapa kadipaten lan mlayu saparan-paran.

Kedadeyan matine lampu lan dhalang Ki Sapanyana sing wis nggawa mlayu Dewi Ruyung Wulan ora wurunga ndadekake geger Kadipaten Carangsoka. Nyipati kahanan kaya ngono, Adipati Handung Puspajaya banjur age-age nimbali Patih Singapati.

“Patih Singapati, aja wedi kangelan lan age-age prentahna para prajurit nguripake lampu murih kahanane ora sansaya mutawatiri,” dhawuhe Adipati Handung Puspajaya klawan aris.

“Ngestokaken dhawuh, Kanjeng Adipati,” sawise atur manembah, Patih Singapati age-age ngayahi jejibahane lan ora gantalan wektu lampu bisa urip maneh. Padhang kencar-kencar kaya sadurunge.

Sauntara kuwi, nyumurupi Dewi Ruyung Wulan lan dhalang Ki Sapanyana wis ora ana lan embuh saiki ana ngendi dununge, Raden Jaseri dadi bingung kepati. Bengok-bengok sora nggoleki wanita sing ditresnani. Nyipati lelakon kaya ngono, Adipati Yudapati saka Kadipaten Paranggaruda ya ramane Raden Jaseri sakala dadi murina. Ing kalodhangan kuwi uga Adipati Yudapati banjur nimbali Patih Singapadu.

“Patih Singapadu, wektu iki uga mepaka prajurit. Bujungen playune dhalang Ki Sapanyana sing wis lancang kumawani nggawa mlayu Dewi Ruyung Wulan, garwane putraku.”

“Ngestokaken dhawuh, Kanjeng Adipati Yudapati,” ature Patih Singapadu klawan manembah marang ratu gustine.

“Purba wasesa dak borongake kowe. Embuh ora idhep, Dewi Ruyung Wulan kudu bisa mbok gawa bali mrene.”

Patih Singapadu lan para prajurit saka Kadipaten Paranggaruda nuli gegancangan ngoyak playune dhalang Ki Sapanyana lan Dewi Ruyung Wulan. Sadhengah papan diubres nganti tapis saperlu nemokake sing digoleki. Klebu ing omahe para kawula Carangsoka sing njalari Adipati Handung Puspajaya ora karenan penggalih.

Sawetara Ki Sapanyana lan Dewi Ruyung Wulan anggone mlayu nganti mlebu metu alas, pamrihe aja nganti kadenangan lan kepikut dening prajurit saka Kadipaten Paranggaruda. Murih ora nyujanani minangka putri Adipati, Dewi Ruyung Wulan banjur salin penganggo cara kawula lumrah murih ora gampang kadenangan dening prajurit saka Kadipaten Paranggaruda sing terus nguber lan nggoleki.

Sawise sawetara wektu suwene anggone mlayu, Ki Sapanyana, Dewi Ruyung Wulan, Ambarsari lan Ambarwati saikine wis tekan ing Dukuh Bantengan kebawah wewengkon Panewon Majasemi. Kagawa kesele anggone mlaku lan kebeneran awan kuwi panase kaya bisa mbenthethake sirah njalari Dewi Ruyung Wulan, Ambarsari lan Ambarwati dadi ngelak banget lan kaya-kaya ora kuwat ngglawat maneh. Wekasane Ki Sapanyana kepeksa nyolong timun ing sawah sacedhake kanggo gantine banyu. Awit arep njaluk banyu marang warga sacedhake kono rumangsa wedi, aja-aja bakal kadenangan para prajurit Kadipaten Paranggaruda sing tansah nguber.

Kocapa, bareng Ki Sapanyana rampung anggone

methik timun, ngerti-ngerti wong-wong andhahane Raden Kembangjaya sing kawit mau ndhedhep banjur metu saka pandhelikane lan nyoba nyekel Ki Sapanyana. Dadi pasulayan rame lan wong-wong mau bisa dikalahake dening Ki Sapanyana. Ngerteni andhahane padha kalah lan ora bisa nyekel Ki Sapanyana, Raden Kembangjaya sing ora liya adhine Panewu Sukmayana wekasane kudu maju dhewe. Sawise adu arep karo Ki Sapanyana, sekarone banjur perang tandhing. Dedreg udreg anggone bandayuda, nanging suwening suwe Ki Sapanyana bisa dikalahake dening Raden Kembangjaya.

“Sapa kowe dene nganti wani nyolong timun sing dak jaga?” pitakone Raden Kembangjaya sawise Ki Sapanyana bisa dirangket.

“Aku Sapanyana, Kisanak,” wangsulane Ki Sapanyana karo nyoba ngluwari rangketane, nanging ora bisa.

“Geneya kowe tumindak nistha, nganti nyolong timun?”

“Aku nganti nyolong timun merga kapeksa, Kisanak.”

Raden Kembangjaya mesem amfang, “Jenenge maling mesthi bakal kandha kaya ngono. Golek sewu alesan!”

“Tenan, Kisanak. Aku ora dora.”

“Apa ana sing percaya karo tembungé maling kaya kowe!”

“Tenan, Kisanak. Tulung uwalana bebandanku iki.”

Nyumurupi pawongan sing ngrangket Ki Sapanyana ora gelem ngluwari bebandane, Dewi Ruyung Wulan, Ambarsari lan Ambarwati sing maune padha sesingidan banjur metu saka papan pandhelikane lan nyedhaki prenahe Ki Sapanyana.

“Uwalana Kakang Sapanyana. Dheweke ora salah. Aku rila mbok gawa sauger Kakang Sapanyana mbok luwari saka bebandane,” tembungé Dewi Ruyung Wulan sing duwe pangira yen sing ngrangket Ki Sapanyana prajurit saka Kadipaten Paranggaruda.

Raden Kembangjaya dadi gumun dhewe bareng krungu tembungé Dewi Ruyung Wulan sing kaya ngono, nanging merga Raden Kembangjaya ngrumangsani mung sadarma antuk jejibahan njaga sawah duweke kakangé, Ki Sapanyana, Dewi Ruyung Wulan, Ambarsari lan Ambarwati banjur diadhepake marang Panewu Sukmayana.

Ing sangarepe Panewu Sukmayana, Ki Sapanyana

banjur nyritakake larah-larahe anggone nganti kedharang-dharang mlayu tekan papan sing saiki diidak merga tansah diuber dening prajurit saka Kadipaten Paranggaruda. Krungu crita kaya ngono, Panewu Sukmayana banjur tuwuh rasa welase lan ora sida menehi paukuman marang Ki Sapanyana, kepara malah saguh nulungi.

“Lerema ing kene luwih dhisik, Ki Sapanyana. Prekara prajurit saka Kadipaten Paranggaruda kareben aku mengko sing ngadhepi,” tembungé Panewu Sukmayana.

Ora gantalan wektu sawise Ki Sapanyana, Dewi Ruyung Wulan, Ambarsari lan Ambarwati lerem ing Majasemi, prajurit saka Kadipaten Paranggaruda sing dipandhegani dening Adipati Yudapati wis tekan papan mau. Kaya ngapa murinane Adipati Yudapati bareng mangerti yen Dewi Ruyung Wulan lan Ki Sapanyana saikine wis ana Panewon Majasemi lan diayomi dening Panewu Sukmayana. Tanpa kakehan rembug, Panewon Majasemi klakon digebug perang.

Ing paprangan sing rame mau akeh kurban sing nemahi tiwas, klebu Panewu Sukmayana. Mangerteni kakangé gugur ing paprangan, Raden Kembangjaya banjur ngamuk kanthi nggawa pusaka keris Rambut Pinutung lan Kuluk Kanigara sing dibiyantu dening prajurit saka Kadipaten Carangsoka. Ing paprangan mau Patih Singapadu lan Patih Singapati padha nemahi tiwas. Adipati Yudapati sawise asor yudane mungsuh Raden Kembangjaya banjur ngaku kalah lan teluk.

Sawise prajurit saka Kadipaten Paranggaruda bisa dikalahake lan Adipati Yudapati dadi bandan, Ki Sapanyana lan Raden Kembangjaya banjur nyowanake Dewi Ruyung Wulan marang ngarsane Adipati Handung Puspajaya ing Kadipaten Carangsoka. Krana lelabuhané Raden Kembangjaya lan Ki Sapanyana, Sang Adipati banjur paring ganjaran. Kepara malah Raden Kembangjaya sing wis bisa ngalahake Adipati Yudapati saka Kadipaten Paranggaruda banjur didhaupake klawan Dewi Ruyung Wulan.

Wektune mrambat alon, nanging ajeg. Bareng Adipati Handung Puspajaya wis ngunduri sepuh, Raden Kembangjaya banjur diangkat dadi Adipati ing Kadipaten Carangsoka. Anggone ngasta paprentahan ambeg adil lan wicaksana sing njalari para kawulane padha sumuyud. Ora mung kuwi, Raden Kembangjaya banjur nyawijekake tlatah cacah telu; yaiku Paranggaruda, Carangsoka lan Majasemi dadi siji kanthi jeneng Kadipaten Pati.

Tumuse Penlangsan

Dening: Eyang Syamsi

Watara jam sanga Minah wis rampung
asah-asah. Anake papat wis padha
rampung mangan. Anak ragile sing umur
rong taun lagi dolanan wiji sawo dilebokake
kaleng. Sawise mlebu kaleng kabeh banjur
disuntak, bali dilebokake maneh. Mengkono
dolanane mung mbolak-mbalik bae. Ujug-
ujug kakange ngrebut kaleng sing isi wiji
sawo banjur digawa mlayu. Ragil nangis
njempling merga kaget lan jengkel.



Minah banjur mlayu nulungi Ragil, sawise nyelehake tenggok sing isi gaplek. Minah arep nutu gaplek yakuwi pohung sing wis dipepe garing. Sawise ditutu nganti lembut banjur arep didang dadi sega thiwul. Ya sega thiwul mau sing dadi pakane Minah lan saanake saben dina.

“Sumi, iki lo adhimu dijak dolan, simbok arep nutu gaplek dhisik ya! “ Minah kongkon anake sing nomer loro supaya momong adhine.

“Aku wegah, Ma, dhedhek sok rewel. Kesel aku. Aluwung dolan karo Marni,” mangsuli mengkono karo mlayu ninggalake adhine sing isih dipopong Minah.

Bareng anake ragil wis meneng banjur dikon lungguh ing dhingklik cedhak lumpang. Minah nerusake niyate nutu gaplek. Bareng wis oleh sawetara sekira cukup didang banjur leren.

Sing lembut diwenengi banyu nuli diuleni supaya empuk, banjur diisih ana ing tampah. Sebanjure Minah daden geni ana pawon, numpangake langsung sing arep dinggo ngedang gaplek sing wis ditutu.

Dumadakan anake ragil undang-undang, “Mbok pipis.. mbok..!”

Anake dituntun menyang jedhing saprelu pipis. Bareng metu saka jedhing, tampah sing isi adonan thiwul lagi disosori bebek sajodho.

“Hus, hus...!” Minah mlumpat arep nggusah bebek sing lagi nyosori adonan banah thiwul. Dumadakan bruk..bleber...bebek mabur mancal tampah karo mlayu megal-megol.

Tampahe mengkureb lan isine sumebar ing jogan campur karo awu sing ana pinggir pawon.

“*Astaghfirullah...!*” Minah ndhodhok karo mbrebes mili.

Atine keranta-ranta kelingan bapane bocah sing wis ora ana. Banjur kelingan Sumi sing ora gelem momong adhine.

“Pancen jalaran Sumi ora gelem momong adhi dadi kaya ngene iki!” Minah ngusapi luh karo pucuking klambi sing dienggo.

“Wonten napa Mbok?” Suli mlayu marani simboke karo takon.

Oh *masyaallah* gaplek sing wis ditutu wutah

kabeh. Suli anake mbarep banjur nyaponi jogan. Adonan thiwul wis ganti rupa dadi klawu awit kecampur awu.

“Sabar, Mbok, mangke nutu malih kula tak ngrencangi.” Suli mbombong atine biyunge. Ning biyunge katon getun jalaran wis sengsaya awan durung ana sing didang. Mesthi anake padha kaliren awit wis mangsane mangan awan durung ana panganan.

“Ya iki merga Sumi. Karepe kepenak ning ora gelem momong adhi. Suk emben yen dadi wong tuwa muga-muga dadia wong sugih sing ora duwe anak. Supaya ora rekasa ngrumati bocah.”

Minah ora kelingan yen supatane biyung bakal nemahi. Sawise Sumi dadi wong tuwa klakon dadi wong sugih sing ora duwe anak. Bareng wis ngancik umur pitungpuluh taun awake Sumi pilara. Bojone wis seda lewih dhisik. Mula Sumi lara ora ana sing ngrumati saben dinane. Senajan sugih awit saben dinane wis ora duwe pangupajiwa mula mung adol apa-apa sing dadi duweke. Mula ndadekake uripe rekasa banjur awake asring lara. Saya suwe larane sengsaya ndadrah, nganti ora bisa mlaku. Ngalor ngidul kudu nganggo kursi rodha. Prewangan sing maune pirang-pirang kanggo ngurusi dagangan wis ora ana jalaran wis ora bisa mbayari ongkose wulanan.

Mula saben dina kudu ngubengake rodha kursine saperlu olah-olah, asah-asah, lan sapanunggalane. Merga omahe ora bisa kanggo munggah mudhun kursi rodha, menawa ana perlu kudu metu saka ngomah, bisane mung ngenteni ana wong liwat sing kena disambati. Kala-kala ana sing rila ngrewangi lan nukokake kebutuhane nanging uga asring wong sing disambati ora gelem tulung. Alasane ana sing lagi kesusu, ana sing wis bosen dikongkoni, lan sapanunggalane. Yen ana kedadean mengkono Sumi mung nangis ing sandhuwuring kursi rodha. Kelingan nalika isih bocah ora tau gelem momong adhi nganti dadi penlangsane biyung. Atine getun ning ora bisa suwala apa-apa. Supatane biyung kudu dilakoni senajan kaya-kaya ora kewawa.

Syamsiyah,

RT 01/09, Tinggarjaya, Jatilawang, Banyumas

Cathetan Esuk Iki

Tipak udan dhek bengi isih katon cetha
mbuang impen kang muspra
isih ngendhelong gawe kuciwa
senadyan pait sikep jujur pranyata kudu
jinaga

Ing rasa isih mbentoyong
manoni kanyatan kang gawe
ndomblong
nebah dhadha ngungalake kasudibyan
kang satemene mung lamis nyilih liyan
ing ati dadi karanta
menyang endi sun playokke rasa gela

Banjur sapletik swara elik-elik
kenapa ati kudu runtik
duwe wewenang apa
simpenen sing jero rasa gela kuciwa
dimen ora ngribeti jangkah
kalamangsa urip pancen gawe semplah

:apa kudu nutup kuping lan mata?
dimen ati ora gampang kelara-lara

Semarang, 26 Oktober 2021

Sriyanti S. Sastroprayitno

BIODATA PANGGURIT



Sriyanti S. Sastroprayitno minangka jeneng singlon saka Dra. Sriyanti, M.Si. Sadina-dinane ngasta minangka dhosen ing Departemen Kimia FSM Universitas Diponegoro Semarang. Karya-karyane awujud geguritan lan crita cekak wis asring kapacak ana kalawarti basa Jawa. Bukune kang asesirah *Mecaki Wektu* entuk anugrah Prasadatama minangka buku kumpulan geguritan kang paling apik saka Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah ing taun 2021. Dedalem ana ing Jalan Dinar Mas VI no. 41, RT/RW 07/016, Puri Dinar Mas, Meteseh, Tembalang, Semarang

Grimis Wayah Esuk

Grimis wayah esuk
 Senajan mung riwis-riwis
 Tumiba pindha warastra
 Rumesep tekan jroning nala
 Bangete ngiris-iris rasa kang wus sidhem
 Godras amis banger mungkat
 Ngubak-ubak ada-ada kang kaentha
 sadawane nendra

Grimis wayah esuk
 Pantès bae tumiba
 Sawengi natas langite sumuk
 Manggang hawa manggang
 pangrasa

Grimis wayah esuk
 Nyebul bledug
 Nepungake menèh gandane lemah
 Kang suwe kokseblak tebah
 Sebab kumawani ndumuk
 Cidra lan pamuk
 Satengahe leyeh-leyeh ing lincak emper
 omah

Grimis wayah esuk
 Apa gendra iki isih bisa dakrimuk
 Sadurunge dadi remuk

Karangsembung, 20190620

Eko Wahyudi

BIODATA PANGGURIT



Eko Wahyudi saliyané asring nulis geguritan, uga cerkak apa dene artikel ngenani jagading pamulangan. Tulisane akeh kapacak ing maneka kalawarti Nate mbabar buku antologi geguritan kanthi tetenger *Prasasti* (2014). *Serat* (2016) antologi bebarengan penulis ing KSJ IV. Aktif nulis geguritan ing komunitas Lisong (Lingkar Sastra Gombong) lan Forum Penulis Kebumen (FPK). Sesambungan lumantar FB: Eko Wahyudi Merapi utawa nomer WA ing 085-385-922-898. IG : eko_wahyudi77

Langite Katon Surem


Esuk iki langite katon surem
Blas ora gelem mesem
Hawane dadi krasa adhem
Ndadekake mripat kudu merem

Esuk iki langite katon surem
Blas ora gelem mesem
Kaya eseme sang surya ing mangsa
ketiga
Aku mung bisa ndedonga
Muga iki mung pratandha
Yen bakal ana banyu udan
Kang bakal ngadhemake isine donya

Purwodadi, 13 Maret 2019

Fajrin Dwi Artika

BIODATA PANGGURIT



Fajrin Dwi Artika, Guru Basa Jawa SMP N 1 Grobogan. Panulis buku *Media Pembelajaran Bahasa Jawa*, buku kumpulan geguritan *Asung Pitedah*, kumpulan cerkak *Piweling*, lan melu nulis ing buku kumpulan Esai Basa Jawa *Padmapuspita ing Tlaga Jawi*. Dedalem ana ing Jalan Mekarsari IV C, RT 6 / RW IV Danyang, Purwodadi-Grobogan Jawa Tengah



Raden Setyaki (Dhandhanggula)


Dening: Zaki Zakariya

Kacarita satriyaning janmi,
Kalengenaning para narendra,
Wresniwira ya arane,
Kang winasis ing laku,
Senapatining Dwarawati,
Satriya Lesanpura,
Hanyuwita ratu,
Wesikuning ya gadanya,
Kasantosan kanggone para prajurit,
Dadya satriya utama.

Lalakuning Sang Radyan Setyaki,
Jamangkahing laku tapa brata,
Wus tinulis peprentahe,
Hanyuwita mring ratu,
Nata Kresna kang wus pinilih,
Bebarenging Udawa,
Hanututi laku,
Lakuning tinitis dewa,
Hanuduhke bektine mring sang
narpati,
Setyaning Wresniwira.

Tandang lakune sang senapati,
Duk ing lalakon sang nata duta,
Wus katulis lalakune,
Hangusiri lalaku,
Jaladara den nya kendhali,
Kapethuk sang Narada,
Mateg aji ratu,
Mawut bubrah ing Ngastina,
Weningake cipta hangiteri bumi,
Temu ing Bratayuda.

Wusanane lakune sang abdi,
Hanyuwita mring sang Nata
Kresna,
Kurusetra pepanggene,



Sanes wancining dalu,
Wutah getih hangundhuh bekti,
Pesthining Hyang Kawasa,
Burisrawa tatu,
Kapupuh ing madyalaga,
Nyirnakake angkara murkaning
bumi,
Ngancik pungkasing crita.

Wus pungkasing carita puniki,
Kang katulis ing Purwacarita,
Mahabharata critane,
Kang kinasih ing wektu,
Pasinaon kanggone janmi,
Kanggo sanguning jiwa,
Jiwa tyang satuhu,
Satuhuning para janma,
Janma kang ngudi kaluhuring sasama,
Becik sanguning donya.

Zaki Zakariya,

siswa SMAN 1 Andong Boyolali



Sawijine alat perekam jaman semana, isih kasimpen becik (foto yan)

Nlusur Wibawane Studio Rekam Lokananta ing Surakarta

Dening: Yan Tohari

Penyanyi *legendaris* kaya dene Waljinah, Titik Puspa, Gesang, Ismail Marzuki, Bing Slamet, sarta dhalang kondhang Ki Nartosabdo, Ki Anom Suroto, Ki Manteb Sudarsono, uga grup musik ing era digital kaya ta, White Shoes, The Couples Company, Shaggydog, Senyawa, kalebu vokalis Glen Fredly, darbe cathetan manis mring papan iki. Lumantar *studio* rekam Lokananta, swarane ora mung sumebar ing adoh, nanging tetep bisa dirungu nganti saiki.

Jaman sing ngedab-edabi kuwi antarane taun 1960–1990-an, Lokananta minangka suwarga bab blabar seni, utamane seni musik. Ewa semana seni liyane uga ketumrapan, kaya ta wayang kulit, wayang wong, kethoprak, dhagelan, lan isih akeh maneh liyane. Swarane bisa direkam ing *studio* rekam Lokananta, wektu iku prasasat dadi impen, gegadhangan, panjangka mring sapa wae sing nggilut ing jagad seni. Jalaran, nalikane kasil rekaman ing Lokananta, kacihna dadi jaminan nemu dalan jembar tumapak ing wewengkon kuncara.



Mesin audio kang kalebu modheren ing jaman semana (foto yan)

Ngenani sejarah jagad rekaman, nalika taun 1951 yaiku kawitanane perusahaan rekaman wiwit ana ing Indonesia. Kapisan aran Irama, sawijine perusahaan *studio* rekam ing Menteng, Jakarta Pusat kang sukses ngasilake sawetara piringan hitam, kasusul Remaco (Republic Manufacturing Company) ing Tanah Pasir, kasusul maneh Dimita, ing Bandengan, Jakarta Selatan. Lagi, Lokananta nalika taun 1955, lair minangka perusahaan rekaman darbeke negara (BUMN). Duk tanggal 29 Oktober 1956, dening R. Maladi (Menteri Penerangan nalika kuwi) *studio* rekaman sing mapan ing Jalan Jendral Ahmad Yani Nomer 379 Kerten, Surakarta iki diresmekake.

Njajah ing gedhung sing maksih njenggereng sandhuwure lemah 21.500 meter persegi, nabetake rasa geter. Ganda wibawa lan menterenge gedhung sing wis ngasilake maewu-ewu kaset, kang nalika iku bisa asung panglipur ing sela-selaning pait getiring urip. Kukuh lan rosa rinasa. Ing tembok gedhung kang werna cete wis luntur, isih kapasang gambar sawernaning penyanyi kang duk semana asring nindakake rekaman ana kene. Potone Waljinah nganggo kebaya brokat putih, gelung kondhe, katon esem ngujiwat, pinasang ing tembok jejer para seniman *legendaris* Lokananta liyane, yaiku Ki Nartosabdo, Ki Anom Suroto, Basiyo, group musik Kabama, Remaja Bahana, sembada dadi tenger mring kridhaning *studio* rekam Lokananta udakara setengah abad kepungkur.

Lumantar salah-sijine karyawan Lokananta, Sriyono, asung katrangan manawa penyanyi keroncong kang akeh dadi kiblata penyanyi keroncong ing Nusantara, Waljinah, kasembuh kariere awit perbawane *studio* rekam Lokananta. Sriyono

nambahake, yen Waljinah banget sukses samangsane ngasilake tembang Walang Kekek lan Kembang Kacang. Tembang Walang Kekek, tembang kang karacak Waljinah dhewe klawan lirik-lirik pepak parikan iku banget nggodha ati ing mangsane taun 1960-an. *“Walang kekek mencok nang tenggok/Mabur maneh, mencok nang pari/ Aja ngenyek ya mas, karo wong wedok/Yen ditinggal lunga, setengah mati.”* Saka tembang kasebut kang anjalari dheweke antuk julukan si Walang Kekek.

Sansaya mlebu mecaki lorong-lorong jenggerenge gedhung Lokananta kang umure luwih saka 66 taun iki, ati sansaya kasendhal mayang. Ing sawijine ruwangan, Sriyono, nuduhake sawernaning piranti rekam kang wis kalebu modheren ing jamane. Piranti-



Sawernaning koleksi kaset sing isih kasimpen (foto yan)

piranti iku katata kanthi becik lan nuduhake tetep karumat, nadyan wis ora komplit. Piranti-piranti iku kaya dene *deck to deck*, mesin *ngopy* audio ing kaset aran *high speed duplicating*. Siji maneh sing gawe gedheg-gedheg, yaiku mesin *mixer trident* London Series 80 B, kajohe mesin mixer jinis iki, wektu saiki kari kasisa loro ing salumahe jagad, siji ing Lokananta lan sijine maneh ing BBC London.

Gedhung Lokananta pancen wis tuwa, kepara pikun yen ngetungake bab piranti rekame katandhing jaman saiki. Nanging mistis lan agunge Lokananta durung tamat, kepara nilasake rasa ngujiwat tumrap saperangan pihak kang gandrung bab-bab sing mambu kuna. Siji loro musisi kang nindakake rekaman ing Lokananta ana wektu durung suwe iki, mratelakake



Gedhung Lokananta sapinggiring dalam gedhe ing Kerten, Surakarta (foto yan)

studio Lokananta tetep isih mumpuni kanggo rekaman ing tengah-tengahe kompetisi *studio* rekaman modheren kang luwih elok lan canggih. Kaunggulan Lokananta, yaiku ing sisi akustik. Ruwangan rekaman kanthi ukuran 25 X 13 X 7 meter, diwenehi *peredam suara*, tundhone ngasilake swara kang ulem, bening, nanging gendem. Ngono dudutan kang nate katandhesake, Heru, vokalis kelompok musik Shaggydog.

Saiki Lokananta luwih pas yen kasebut aran museum. Museum sing samengko bisa dadi papan pasinaon generasi mudha ing bab *studio* rekam. Dadi museum, iku pilihan paling realistis. Lokananta, cukup duwe materi sarta kabisan kanggo ngujudi bab kasebut. Sejene kasengkuyung karyawan kang saiki ana 45-an personil, uga gedhung sing jembar (kalebu salah sijine saka 55 wangunan cagar budaya ing Solo), 5000 arsip sejarah arupa master rekaman, piranti rekaman, uga gamelan kuna sing diyakini tinggalan Pangeran Dipanegara aran Sri Kuncara Mulya-gamelan kang dadi underan satemah *studio* rekaman iki nuli dijenengake Lokananta. Kabeh kadarben kasebut ndadekake papan iki pantes dadi papan pasinaon, yaiku museum.

Lokananta sarosane kepengin ngipatake kasunyatan paling pait ngidir-idir sing kasandhang ing taun 1999, duk nalika Presiden Abdurrahman Wahid, mbubarake Departemen Penerangan sing dadi pengayome. Trontong-trontong kekuwatan iku tuwuh sawuse mataun-taun nandhang cintraka, Taun 2004 Lokananta kelakon direngkuh klawan

Perum Percetakan Negara Republik Indonesia (PNRI). Prasasat nemu napas maneh, Lokananta bali rumagang. Saliyane nindakake ayahan jejere PNRI Cabang Surakarta, Lokananta bisa antuk pengasilan saka sewa gedhung kanggo kafe, eksibisi musik kaya sing mentas katindakake suwargi Didik kempot nalika *live musik amal* tembayatan klawan Kompas TV, lan sapiturute.

Lokananta uga sarosane nduwa isu kalamun bakal dicaplok investor kanggo dibangun dadi mal. Lokananta minangka studio rekaman pancen amung kari crita, nanging papan sejarah iki kepengin tetep ana. Tetep bisa disawang anak putu nganti kapan wae. Lokananta tetep kepengin melingake mring generasi Indonesia ing jaman apa wae, yen ing kene nate dadi dalan *kejayaan* musik Indonesia, lagu-lagu



Gedhung Lokananta kang isih njenggereng wibawa (foto yan)

sarta kesenian dhaerah lumantar rekaman tumuli bisa sumebar ing saindenging bawana.

Minangka museum, Lokananta buka saben dina. Buka wiwit tabuh 08.00 lan tutup tabuh 16.30 WIB. Saben pengunjung kudu tuku tiket sing regane 20 ewu kanthi antuk sawernaning souvenir kang arupa tas cilik, *booklet*, stiker, lan gantungan kunci. Ewa semana bebarengan klawan anane *pandemi covid-19* sawetara kepungkur, museum Lokananta durung bisa kanthi bebas nampa pengunjung. Kapeksa sarwa winates nampa pengunjung. Para pengunjung uga wajib nindakake protokol kesehatan kanggo nyegah sumebare virus *covid-19*.



Dening: Suwandi Suryakusuma

Kethoprak klebu salah sawijining kesenian tradhisional masarakat Jawa kang nganti saiki isih lumaku, senajan ta wis beda adoh manggunge karo sadurunge taun 1980-an. Tegese, yen sadurunge taun 1980-an isih akeh kelompok kethoprak kang kerep main lan entuk tanggapan ing masarakat, nanging taun 2020-an iki, wis arang-arang ana tanggapan kethoprak. Malah kepara kelompok kethoprak wis padha mretheli baka siji. Ewa semono, kethoprak klebu kesenian tradhisional kang nganti tekan saiki isih entuk kawigaten dening pamarentah, klebu ing Pemerintah Daerah (Pemda) DIY. Lumantar Kundha Kabudayan DIY, kethoprak ora mung diuri-uri nanging uga dirembakakake. Mula ora mokal, saiki ing Yogyakarta ana sawijining tim kang tugase ngurusi kethoprak, yaiku Tim Pengembangan Kethoprak. Tim iki mawujud amarga saka pamundhute Gubernur DIY, Sri Sultan Hamengkubuwono X kang

kagungan panggayuh supaya kesenian tradhisional kethoprak tetep lestari ing Yogyakarta minangka salah sijining *kekayaan* budaya Jawa, cocog karo Kaistimewan Yogyakarta.

Tim Pengembangan Kethoprak (TPK) kang madeg wis telung taun kepungkur nggawe maneka cara supaya kesenian tonil iki tansaya digandrungi dening masarakat Yogyakarta. Cara sing digunakake yaiku nggered para wiranom milenial supaya seneng marang kesenian kethoprak. Ora nggumunake, saiki para mudha ing Yogyakarta akeh sing seneng main kethoprak. Apa maneh ing Yogyakarta ana sanggar-sanggar lan sekolahan seni kang nyengkuyung kaya ta Sekolah Menengah Karawitan Indonesia (SMKI) Kasihan Bantul, Insitut Seni Indonesia (ISI) Bantul, Akademi Komunitas Budaya Bantul, lan liya-liyane kang padha nyengkuyung. TPK kang dipandhegani dening Bondan Nusantara lan kanca-kancane terus gawe cara supaya para mudha kasebut seneng kethoprak. Kanggo nambah wawasan,

kerep TPK nganakake *workshop* kethoprak supaya para wiranom tambah ilmune. Saliyane iku, mesthi wae kerep ngadani lan main ing pentas-pentas kethoprak milenial. Kaya sing durung suwe iki, pase ing tanggal 22–24 November 2021, TPK bebarengan karo Disbud DIY nggelar Workshop Kethoprak kang mapan ana ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta.

Workshop kethoprak digelar suwene telung dina iki, dieloni pasarta cacahé ana 120 wong. Akeh-akehe sing padha melu workshop saka generasi mudha. Sebageyan gedhe wis tau main kethoprak, sebageyan pandhemen kethoprak. Pasarta mau dibagi telung kelompok, saben kelompok pasartane ana 40 wong. Ing dina kapisan, Kepala Dinas Kebudayaan Kundha Kabudayan) DIY, Dian Laksmi Pratiwi, MA lumantar Kabid Sejarah Bahasa Sastra dan Permuseuman uga sempat paring sambutan ing acara kasebut. Intinya, Disbud DIY nyengkuyung banget anane workshop kethoprak iki, supaya wawasan masarakat mirunggane generasi mudha tambah amba ngenani kesenian kethoprak. Ing kalodhangan iku uga, Bu Dian, mangkono padha nimbali, tambah mongkog amarga TPK wis kasil ngadani sayembara penulisan naskah kethoprak lan akeh dieloni dening generasi mudha satemah bisa kanggo ukuran menawa generasi mudha saiki akeh sing isih padha seneng lan tresna marang kesenian kethoprak.

Sawise sambutan lan kepyakan saka Kadisbud DIY, diterusake *workshop*. Dina kapisan materine kelas A, yaiku “Alih Media Ekspresi Seni Ketoprak”. Dene narasumbere ana telu, yaiku Sunardian Wirodono, Bambang Paningron, lan Karyono. Miturut Sunardian Wirodono, owah-owahan (klebu ing kesenian kethoprak) bisa dumadi amarga kahanan kang pancen owah. Kaya ta anane *pandemi* (pageblug) *Covid-19*, meksa tontonan kethoprak kudu ngalami owah-owahan bab pentas. Amarga ora entuk ditonton wong akeh, mula anggone mentasake kudu nganggo cara direkam lan virtual. Para pamiarsa anggone ndelok lumantar hape banjur mbukak *Youtube*, *Facebook*, *Zoom*, utawa *Instagram*.

Dina kang kaping pindho, materi kelas A yaiku “Penyutradaraan Ketoprak Kekinian”. Dene narasumbere uga ana telu, yaiku Bondan Nusantara, Johanna Dyah, lan Altianto Henryawan. Miturut Bondan Nusantara, tokoh senior ing seni kethoprak, sawijining sutradara kethoprak iku saora-orane kudu nduweni



Workshop kethoprak sing digelar dening Kundha Kabudayan DIY

ilmu bab antropologi, sosiologi, psikologi, sejarah, lan tiru-tiru. Saliyane iku kudu bisa nemtokake wujud lan gaya pemanggungan kaya ta: wektune, pemeranan, wujud pentase (gerak, musikal, dramatik), jinis pentase (tragedi, komedi, tablo), lan uga tata artistik.

Dina pungkasan, materi kelas A yaiku “Strategi Regenerasi Pelaku lan Penonton Ketoprak”. Dene narasumbere uga ana telu, yaiku Sumaryono, Widayat, lan Purwadmadi. Miturut Widayat, salah sawijining paraga kethoprak senior telung generasi, kethoprak iku arep tansaya kondhang lan manjila utawa suwalike arep tansaya mbleret, iku gumantung saka anggone ndhidhik (regenerasi) marang generasi mudha. Yen bisa anggone ndhidhik ya dianggep kasil, yen ora bisa ya dianggep ora kasil. Mula supaya kasil, kudu ana strategi, trik, utawa carane. Kapisan, kudu menehi pangerten marang generasi mudha menawa kethoprak iku klebu seni tradhisi kang ngepenake tuntunan kang adiluhung. Kapindho, generasi mudha kudu disadharake, menawa bisa temen ing kethoprak, uga bisa kanggo golek dhuwit. Kaping telu, ambyur ing donyane kethoprak iku sangune kudu temen (tenanan, greget) lan tekun (sregep).

Dene kelas B lan C ora beda karo materi kelas A, mung diwolak-walik, semono uga jame *workshop*, uga gentenan. Dadi saben dina ana telung kelas *workshop* kang materine ora padha, amarga diselang-seling. Sing diangkah, kanthi anane *workshop* kethoprak iki, para generasi mudha tansaya greget sinau lan ngrembakakake seni tradhisi kethoprak, supaya bisa moncer maneh, saora-orane ing tanah Jawa minangka salah sawijining tontonan kang ngemu tuntunan adiluhung. (*)



Tembung Kramane Menehi

Dening: Kustri Sumiyardana

- Roni** : Bu, Roni badhe nyuwun priksa.
Ibu : Arep takon apa, Ron?
Roni : Manawi tembung krama kangge *menehi* menika menapa, nggih?
Ibu : Gumantung, tembung krama kuwi kanggo wong sing luwih tuwa, kanggo wong sing luwih enom, apa sabarakan.
Roni : Wah, menapa beda-beda, Bu?
Ibu : Ya, beda. Yen sing menehi kuwi saka wong kang luwih tuwa marang wong sing luwih enom, kuwi nganggo tembung *maringi*. Kuwi ewone tembung krama inggil.
Roni : Contonipun Rama dhateng Roni nggih, Bu?
Ibu : Bener. Dadi mengko kepriye ukarane?
Roni : Dadosipun, *Rama maringi arta dhateng Roni*, makaten nggih?
Ibu : Iya. Sabanjure yen kanggo wong enom marang wong tuwa kuwi nganggo tembung *ngaturi*. Coba yen contomu mau diwalik Roni sing menehi, dadi kepriye.
Roni : Dados, *Roni ngaturi arta dhateng Rama*.
Ibu : Bener. Terus yen kanggo wong sing sabarakan kuwi nganggo tembung *nyukani*.
Roni : O, dados upaminipun Roni kaliyan Raihan menika mawi *nyukani*. Dados, *Roni nyukani arta dhateng Raihan*.
Ibu : Iya. Saiki wis mudheng ta?
Roni : Sampun, Bu. Matur nuwun.

Supatane Begawan Sukra

Dening: Banuarli Ambardi

SASIRNANE SURANGANYUR,
WADYA BALANE RUMANSSA
"KELANGAN DAYA".
BANJUR PADHA NUNG-
KUL MARANG PANGUWA-
SA PURWARUNGU.

KALAH JE, KANG...
KEPEKSA NUNGKUL

WAA...
KLIPUK
TENAN
...

KRAMAN BISA
DI TINDHES.

TIWAS MANTEP
JEBUL KEOK

PURWARUNGU
BALI
TENTREM

TRI WARSA
SAUWISE...

PUTRANINGSUN PURU...
SAIKI KAHANAN NAGARA
WIS TENTREM, ADOH
SAKA PARANG MUKA.

TITI WANCINE
RAGANIRA SING SUN
AGEM BAKAL TAK
BALEKAKE MARANG
SIRA!

INGSUN ARSA
LEREN KEPRABON.
SIRA TAK WENANG-
AKE NGGANTI
PALENGGAHAN INGSUN
NYEKEL PANGUIWASA
PURWARUNGU
MERGA
GEDHE LELABUHAN-
MU MARANG INGSUN.



PRABU YAYATI
MARINGAKE BALI
RAGANE MARANG
PUTRA WURAGILE.



RINGKESSE CARITA
PURU KLAKON
KAJUMENENGAKE
NARENDRA ING
PURWARUNGU.

PANJENENGANE
KASIL MIMPIN
NEGARA KANTHI
ADIL WICAKSANA
SAHENGGA
DITRESNANI DE-
NING KAWULANE

TAMAT

Wayah Esuk

Senenge senenge ing wayah esuk
Esuk umun-umun
Esuk wayah bangun
Isih akeh ebun
Wit-witan kang gedhe
Isih katon remeng-remeng
Kaya buta lagi anendra kepati
Ora antara suwe
Keprungu swarane jago kluruk sesumbaran
Saya rame
Yen digagas dawa
Yen digagas dawa
Kaya awèh tandha
Mring para manungsa
Enggal padha ndang tangia

